ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№4 (24.754) • 2025 гъэм щIышылэм (январым) и 16, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

ДэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэр нэхъапэщ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ министр Тогузаев ТIэхьир. Ахэр тепсэлъыхьащ илъэс блэкIам яхузэфIэкIахэмрэ дызытехьа илъэсыщIэм къапэщылъхэмрэ.

ЦIЫХУХЭР лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщын IуэхукIэ республикэм и щытыкIэр хъарзынэу зэрызэтеувар, абыхэм я нэхъыбэр мэкъумэшым, хадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ елэжьыным, ухуэныгъэм, сатум зэрепхар къыхагъэщащ зэIущIахэм.

Республикэм лажьэу ис цIыхухэм я бжыгъэр мин 427,4-м нэсащ, ар илъэс блэкIам елъытауэ нэхъыбэщ. ЛэжьапIэншэу зыкъэзыгъэлъагъуэхэм я бжыгъэм хощI. Илъэс блэкIам ахэр зэрыхъур минитI къудейт, ипэ илъэсым а бжыгъэр тIукIэ нэхъыбэу щытащ.

Гулъытэшхуэ хуащI дзэ Iуэху хэхам хэтхэм зыщIагъэкъуэнми. ЩIыналъэм и лIыщхьэм абыхэм зэи и нэIэ ятригъэкIыркъым.

Илъэс блэкIам сабий куэд зыщIэс унагъуэхэм зэ етыгъуэу, мазищ къэс - зэ, мазэ къэс ират пособие лIэужьыгъуиблым япкъ иткIэ ахъшэ хуаутIыпщащ. Зыуэ щыт пособиехэмкIэ нобэ къызэщIаубыдэ цIыху мин 16,9-рэ, абыхэм ящыщу сабийуэ – мин 17,4-рэ, псори зэхэту а Iуэхум хухагъэкI сом мелуан 486,7-м нэс.

Гъэмахуэм къриубыдэу, узыншагъэм кIэлъыплъыным хухэха зыгъэпсэхупIэ 34-м сабий мини 7,5-м зыщагъэпсэхуащ. Абыхэм хеубыдэ зеиншэхэр, дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм я бынхэр, гъащIэ гугъусыгъум хиубыдахэр, узыншагъэкIэ щыщIэныгъэ зиIэхэр, хэхъуэшхуэ зимыIэ унагъуэхэм къыхэкIахэмрэ зи IэпкълъэпкъкIэ мыузыншэхэмрэ.

Республикэр доIэпыкъу ныбжьышхуэ зиIэхэми, я унэхэм екIуалIэурэ зыхуей хуагъазэ. А лэжьыгъэр хеубыдэ мыузыншэхэр пIалъэ кIыхькIэ ядэIэпыкъуным хуэгъэпса проектым. Илъэс блэкIам къриубыдэу, социальнэ лэжьакIуэхэм зыщIагъэкъуащ цIыху мин 48-м щIигъум.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ унагъуэшхуэхэм, сабий мыузыншэхэм, зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ IэпкълъэпкъкIэ сэкъат зиIэхэмрэ ядэIэпыкъуныр къэралым игъэпэрыт социальнэ къалэну зэрыщытыр, социальнэ лэжьакIуэхэр а Iуэхум дяпэкIи зэрелIэлIапхъэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Следственнэ комитетым и къудамэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэмрэ ветеранхэмрэ!

Сынывохъуэхъу Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетыр къыщцыунэхуа махуэмкIэ.

Ар нобэ къэралым и хабзэхъумэ IэнатIэхэм ящыщу мыхьэнэ нэхъ ин зиIэхэм яхэтщ. Мы IэнатIэм пэрытхэм жэуаплыныгъэ ин, лIыгъэ, Iэзагъ яхэлъын хуейщ. Ахэращ щIэпхъаджагъэмрэ Iулъхьэм ебэныным ирэ псом япэу зи къалэныр, къэралым ифI зыхэлъ Iуэхухэр гъэкIуэтэнымкIэ жэуаплыныгъэ зыхьыр, цIыхухэм я хуитыныгъэр зыхъумэр. Фэ фи пщэ дэлъщ хабзэрэ пэжагъэрэ зэрыщыIэр цIыхухэм я фIэщ фщIыуэ щIэпхъаджащIэхэр хабзэм ешэлIэныр, тезыр телъхьэныр.

ФIыщIэ фхузощI фызыпэрыт къулыкъум, Хэкум фызэрыхуэпэжым щхьэкIэ.

Си фIэщ мэхъу фи къалэнхэр зэрывгъэзащIэр евгъэфIакIуэу адэкIи лъэпкъым фызэрыхуэлэжьэнур.

Узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ, зэIузэпэщыныгъэ фиIэну сынывохъуэхъу.

• Хъыбарегъэщlэ

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм хагъэхьэнухэр къыхахын щIадзэ.

АБЫ хэтынухэр къагъэлъэгъуэну хуитщ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIыр, республикэ, щIыпIэ жылагъуэ IуэхущIапIэхэр, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ самоуправленэмкIэ я органхэм епхауэ лажьэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр, политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэр, еджапIэхэм я студент зэгухьэныгъэхэр (зы нэхърэ мынэхъыбэу).

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм теухуа положенэм тету (хабзэубзыху IуэхущIапIэм 2024 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м къыдигъэкIа унафэ № 46-П-П-м ипкъ иткIэ), къагъэлъагъуэхэм я дэфтэрхэр ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ комитетым иригъэхьын хуейщ, къызыбгъэдэкI IуэхущIапIэм и унафэр, хыхьэну зэрыхуейр хабзэм тету къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэр, IуэхущIапIэм щылажьэ цIыху бжыгъэр, ЩIалэгъуалэ палатэм хагъэхьэну къагъэлъагъуэм теухуа тхыгъэ, абы и паспортымрэ къиуха еджапIэм и дипломымрэ копие техауэ, щылажьэм кърата тхыгъэр, сурэтитI щIыгъуу. Копие зытраха псоми мыхъур телъу щытын хуейщ.

Дэфтэрхэр махуэ 20-м къриубыдэу къыщыIахынущ Налшык къалэм, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрамым тет 55-нэ унэм и 107-нэ пэшым.

Зэпеуэм теухуауэ хъыбар нэхъыбэ къывжаIэнущ 40-45-26 телефонымкIэ фыпсалъэмэ.

Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 200 щрикъур гъэлъэпIэным и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ 2027 гъэм илъэс 200 зэрырикъум къыхэкIыу, абы тхыдэ и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр къэлъытауэ, **унафэ сощI**:

1. 2027 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щегъэкIуэкIын Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къэралым зэрыхыхьэрэ илъэс 200 зэрырикъум егъэщIылIа Iуэхухэр.
2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм щIышылэм и 11-м
№1-УГ

Налшык и псейхэр псоми йофIэкI

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щагъэува илъэсыщIэ псейхэр щытекIуащ «Урысейм и псейхэр» урысейпсо интернет зэхьэзэхуэм.

ХЬЭПШЫП IэрыщIхэмкIэ зэщIэлыдэу ахэр зэрахуэпам я дахагъым, я гъунэгъуу щащIа сурэт зытрегъэхыпIэхэм дахьэхащ IэIэтым хэта, ди республикэм щыщхэмрэ нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIа хьэщIэхэмрэ, псори зэхэту мин 25-рэ. Языныкъуэ псейхэм деж тетIысхьэпIэхэри щагъэуват, къыхагъэщащ къызэгъэпэщакIуэхэм.

Налшык зегъэужьыныкIэ «Лъабжьэ» институтым зэрыщыжаIамкIэ, ди щIыналъэм зэхьэзэхуэм щигъэлъэгъуащ Налшык къалэм и «Хуитыныгъэ», «Курорт» утыкухэм щагъэува псейхэр. ИлъэсыщIэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм налшыкдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ нэхъыбэу здэщыIар, зыщагъэпсэхуар а щIыпIэхэрщ.

«Хуитыныгъэ» утыкум деж щыт сабийхэм я театрым и бжэIупэм щагъэува псейр хьэпшып телъыджэхэмкIэ гъэщIэрэщIат, сурэттехыпIэ дахэхэр щыхуащIат, тетIысхьэпIэхэри щагъэуват. «Курорт» утыкум деж налшыкдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ киноеплъыпIэ къыщыхузэрагъэпэщат, жьэгу хуабэм упэрысу фильмхэм еплъ хъуурэ.

ИлъэсыщIэм и псейр къыхэхыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэр нэгъабэ дыгъэгъазэм и 25-м ирагъэжьат икIи къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 58-р кIэух зэхьэзэхуэм икIат. Абыхэм псоми я илъэсыщIэ псейхэм щынэхъыщхьар лъэпкъ дамыгъэхэр IупщIу хэплъагъуэу щытынымрэ IэрыщI хьэпшыпхэмкIэ дахэу гъэщIэрэщIэнымрэт.

Къыхэдгъэщынщи, Налшык къалэм и утыкухэмрэ жыг хадэ цIыкIухэмрэ къанэ щымыIэу илъэсыщIэ псейхэр щагъэуват, ауэ къалэдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ нэхъыбэу дэзыхьэхахэр ищхьэIуэкIэ зи гугъу щытщIахэрщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

• Экономикэ

Гектар минхэр къыхагъахъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым зы илъэсым къриубыдэу гъавэ тIэу зытращIэ щIым гектар мини 5-м щIигъу къыщыхагъэхъуащ гъэ кIуам. Абы щыщу гектар мин 1,4-м ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIащ «Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэ «Мэкъумэш-промышленнэ продукцэр хамэ къэралхэм яхуегъэшэн» щIыналъэ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ, мыдрей мини 3,7-р - «Мэкъумэшым къыщагъэсэбэп щIым и нэхъыбэм псыр ешэлIэн» федеральнэ пэхуэщIэм хыхьэу.

ИЩХЬЭIУЭКIЭ къыщыхэдгъэща пэхуэщIэхэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкIащ Прохладнэ, Бахъсэн, Лэскэн, Май, Тэрч щIыналъэхэм икIи абы хыхьэу ягъэуващ уэшх къыщешхым деж хуэдэу хьэсэхэр псыкIэ зыгъэнщI, щIыпIэшхуэхэр зэуэ къызэщIэзыубыдэ машинэхэр, псыр ихъуреягъкIэ зэрызэбграутхыкI спринклерхэр, жыг, щIы хадэхэм телажьэхэм ткIуэпс-ткIуэпсурэ псыр зэрыщIагъэлъадэ системэхэр, нэгъуэщIхэри.

Псы зыщIагъэлъадэ щIыр нэхъыбэ щIыным ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ гъавэр зы илъэсым тIэунейрэ зытращIэ щIым гектар мини 5-м щIигъу къыдыщIагъуну яхузэфIэкIащ гъэ кIуам. Апхуэдэ щIыкIэкIи, я куэдагъкIэ зэхуэдэу зы хьэсэм гъавэ тIэуней къытрах хъуащ зы илъэсым къриубыдэу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм гъатхасэ хьэцэпэцэр кърахьэлIэжа нэужь, абы къыкIэлъыкIуэу нартыху тращIэ хабзэщ, жылапхъэу къытрахыну е силос ящIыну. Апхуэдэуи, етIуанэ гъавэу хасэ соер, хур, гречкэр, нэгъуэщIхэри.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм..

Тонн 900-м щIигъу

Илъэс блэкIам Iусыпхъэу, гъэшхэкIрэ лыхэкIыу тонн 900-м щIигъу Къэбэрдей-Балъкъэрым экспортым игъэкIуащ.

2024 гъэм Россельхознадзорым и щIыналъэ къудамэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэм къызэритамкIэ, ди щIыналъэм ирашу хамэ къэралхэм иращащ Iусыпхъэрэ гъэшхэкIрэ, лыхэкI зэмылIэужьыгъуэу псори зэхэту тонн 935,5-рэ.

ГъэшхэкIыу тонн 45I,5-рэ хуаутIыпщащ Къэзахъстаным, Азербайджаным, Куржым. Iусыпхъэу (гуэдз зэтеударэ бардэрэ) нэгъабэ экспорт ягъэкIуам и куэдагъыр тонн 460-рэ хъуащ. Ахэр зыщэхуар Азербайджанымрэ Куржымрэщ. Апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым щащIа нэкулъ лIэужьыгъуэу тонн 2I-рэ Азербайджаным ирищащ.

Россельхознадзорым и Управленэм и лэжьакIуэхэм я нэIэ щIэт зэпытщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и продукцэхэр зэрахъумэ щIыкIэмрэ ахэр зыкIуэцIалъхьэмрэ икIи, зэрыжаIэмкIэ, ахэр щыIэ санитар-ветеринар мардэхэм къотIасэ. Абыхэм псоми ядэщIыгъущ зыхуэныкъуэну дэфтэрхэр икIи ахэр щатхащ «Меркурий» хъыбарегъэщIэ системэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Ди къуэш республикэхэм

ТекIуэныгъэ Иным и щIыхькIэ

АДЫГЕЙ. **Республикэм и сурэт галереем къыщызэIуахащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум теухуа гъэлъэгъуэныгъэ. Iуэхур къызэрагъэпэщащ Урысейм и Фотохудожникхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэмрэ Мейкъуапэ и «Лагъэ-Накъэ» сурэт клубымрэ**.

МЫБЫ утыку къыщрахьащ республикэм и сурэттех IэкIуэлъакIуэхэу 30-м я лэжьыгъэхэу 100-м щIигъу. Абыхэм я Iыхьэ щанэм щIигъур Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекIуэныгъэм теухуащ. Апхуэдэу ягъэлъагъуэ ди Хэкум и нобэрей хъумакIуэхэм, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я гъащIэ, я лIыгъэ къэзыIуатэ сурэтхэри.

АрщхьэкIэ, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум хуэзэщIагъэуIуа сурэтхэр нэхъ зыхуэгъэпсар зауэркъым, атIэ мамырыгъэрщи, сурэт гъуазджэм и нэгъуэщI лIэужьыгъуэхэри хагъэхьащ. Сурэтхэм дагъэлъагъу Адыгейм и иджырей цIыхухэр, абы щыпсэу лъэпкъхэм къадекIуэкI хабзэхэр, щIыналъэм и щIыпIэ щIэращIэхэр. КъыхэгъэщыпхъэщI: сурэтхэр щIэщ икIи япэу утыку кърахьэу ираащ.

Лэжьыгъэ псори зи IэдакъэщIэкIхэр мызэ-мытIэу урысейпсо щIыналъэ выставкэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэтащ, лэжьыгъэхэм ящыщ куэдым дамыгъэхэр къыщыхуагъэфэщащ.

ХьэщIэхэр щыкуэдт

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и курортхэм илъэсыщIэ зыгъэпсэхугъуэхэм - 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къыщыщIэдзауэ 2025 гъэм щIышылэм и 8-м нэсыху - я нэгу зыщрагъэужьащ цIыху мини 193-м. Домбей щIыпIэм щыIащ цIыху мин 84-м нэблагъэ. Абы нэхърэ нэхъыбэм зыщаплъыхьащ турист мини 103-м щIигъу езыгъэблэгъа «Архъыз» зыгъэпсэхупIэм. «Фоупс псыкъелъэхэр» зи фIэщыгъэцIэми щыхьэщIащ цIыху мини 5-м нэблагъэ**.

- ИЛЪЭС етIуанэ хъуауэ Ростов областым къикIыурэ Къэрэшей-Шэрджэсым къакIуэ «Лыжная стрела» мафIэгу щхьэхуэм и фIыгъэкIэ ди республикэм куэдым зыщагъэпсэху. Абы къыдэкIуэу, ди къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа турист мин 15 хуэдиз хэтащ Домбейрэ Архъызрэ я зыгъэпсэхупIэхэм щекIуэкIа турист фестивалым. А махуэм ирихьэлIэущ бгым лыжэкIэ ежэхыныр щаублэри, - жиIащ КъШР-м туризмэмрэ курортхэмкIэ и министр Текеев Расул.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Къэрэшей-Шэрджэсым и Домбей, Архъыз курортхэр Урысей псом цIыхухэр нэхъ зыIэпызышэ и щIыпIэхэм ящыщщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

• Урысейм и къалэхэр

Лъэпкъыбэ IэIэтым дыкъыхегъэщ

«Урысейм и къалэ. ЦIыхубэм нэхъ ягу ирихьыр» фIэщыгъэр зэрихьэу илъэс блэкIам и кIэхэм ирагъэкIуэкIа урысейпсо зэхьэзэхуэм Налшык къалэм етIуанэ увыпIэр щиубыдащ. Лъэпкъыбэ IэIэтым хэтахэм къалъытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм и щIыпIэ дахэхэмрэ нэгузегъэужьыпIэхэмрэ адрейхэм ефIэкIыу. Налшык щхьэкIэ 95001-рэ Iэ яIэтащ. Ар къыщыгъэлъэгъуащ зэхьэзэхуэр къызэзыгъэпэщам и интернет-сайтым.

РЕСПУБЛИКЭМ и къалащхьэм теухуауэ абы къыщыбгъуэтынущ къалэ муниципалитетым, музейхэмрэ театрхэмрэ ятеухуа хъыбархэр, Налшык и щIыпIэ дахэхэр: Хьэтlохъущокъуэм и жыг хадэр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум и щIыхькIэ ягъэува фэеплъыр, «Сосрыкъуэ» шхапIэ комплексыр, республикэм и мэжджыт нэхъыщхьэр, Магдалинэ Марие щихъым и цIэкIэ щыIэ члисэр, нэгъуэщIхэри.

Зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр къыщихьащ КъуэкIыпIэ Жыжьэм щыIэ Владивосток къалэм. Абы щхьэкIэ Iэ яIэтащ 121120-рэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым нэмыщI, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм ящыщу япэ увыпIипщIыр зыхуагъэфэщахэм яхэхуащ Ставрополь къалэр - еханэ увыпIэр зылъыса абы Iэ хуаIэтащ 54065-рэ.

Къыхэдгъэщынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм мыр и япэ ехъулIэныгъэкъым. 2023 гъэм ирагъэкIуэкIа мыпхуэдэ зэхьэзэхуэм – «Урысейм и къалэхэр» - щытекIуауэ щытащ. Абы щыгъуэ Налшык щхьэкIэ хэхыныгъэм хэтахэм 168201-рэ Iэ яIэтащ.

«Урысейм и къалэ» къэралпсо пэхуэщIэр хуэгъэпсащ нэхъыфIу яцIыху икIи узыIэпызышэ къалэр зэхэгъэкIыным. Зэрыхабзэу, хэхыныгъэр интернеткIэ ирагъэкIуэкI икIи абы хэтыну гукъыдэж зыщI дэтхэнэ зыми апхуэдэ Iэмал игъуэтынущ.

НАУРЫЗОКЪУЭ Ислъам.

«Адыгэ псалъэм» и хьэщІэ цІыкІухэр

«Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщІэщым къеблэгъащ Налшык дэт гимназие №14-м и унафэщІым гъэсэныгъэ ІуэхухэмкІэ и къуэдзэ Султановэ Саймэ, и гъэсэнхэр - 6-нэ классым щеджэ ныбжьыщІэхэр - щІыгъуу. Гимназием блыщхьэ къэс щрагъэкІуэкІ «Псалъэмакъ щхьэпэхэр» дерсхэм ящыщ зы траухуащ Урысейм и печатым и махуэм.

КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч ныбжьыщІэхэм яхутепсэлъыхьащ газетыр нэхъ пасэм къызэрыдэкІыу щыта щІыкІэм, иджыпсту абы игъуэта зыужьыныгъэм, адыгэ газетым и фІэщыгъэм зэманым елъытауэ зэрызихъуэжам, нэгъуэщІхэми. ХьэщІэхэм яригъэлъэгъуащ «Адыгэ псалъэм» и музейм щІэлъ хьэпшыпхэр: «Кавказская коммуна» пасэрей газетым и къыдэкІыгъуэ зыбжанэ, тхыгъэхэр зэрытрадзэу щыта машинэ лІэужьыгъуитІ, «Адыгэ псалъэм» и къыдэкІыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр, газетыр традзэн папщІэ къагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэр: гъущІ линейкэхэр, хьэрфыпкъхэр, дискетэхэмрэ дискхэмрэ. Редактор нэхъыщхьэр къытеувыІащ мы зэманым газетым зэрелэжь, къызэрыдагъэкІ щІыкІэхэмрэ Іэмалхэмрэ, редакцэр къудамэ-къудамэу зэрызэхэтым, журналистхэм я гуащІэм, техническэ лэжьакІуэхэм я къалэнхэм. ЖиІащ газетым электрон щытыкІэ иІэу къызэрыдэкІри, телеграм каналым «Адыгэ псалъэм» напэкІуэцІ зэрыщигъэлажьэри.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Ширдий Маринэ еджакІуэхэр къыхуриджащ анэдэлъхубзэм пщІэ хуащІыну, ирипсэлъэну, я бзэмкІэ къыдэкІ «Нур» журналыр традзэну, адыгэ газетым ныбжьэгъу хуэхъуну.

- Адыгэм и щэнхабзэм, и тхыдэм, и хабзэм зыщывгъэгъуазэ иджы щыщІэвдзи. Пасэу а псом фыдихьэхмэ, фи гупсысэм зиужьынущ. Абы икІи фыщыгуфІыкІыжынущ. АдыгэбзэкІэ ятххэм феджэ зэрыхъукІэ. Рассказ цІыкІухэр, новеллэхэр, усэхэр куэду щыІэщ. Ди ІуэрыІуатэ къудейр сыт и уасэ, Іущыгъэ къыхэпхынумэ! - жиІащ абы.

«Адыгэ псалъэм» и сурэттех Къарей Элинэ ныбжьыщІэхэм яхутепсэлъыхьащ газетым и фІагъыр, и купщІэр, и теплъэр абы сурэтыр зэрыхэувэм зыкъомкІэ зэрелъытам.

- Газетыр къызэІупха нэужь, япэу гу зылъыптэр ар зэрыгъэпсамрэ тхыгъэхэм кІэщІэт сурэтхэмрэщ. Хъыбарым, тхыгъэм е зэпсэлъэныгъэм укъемыджэ щІыкІэ абы къыщыхьа сурэтым ухуигъэхьэзырын хуейщ ар зытеухуам. Куэд мэхъу сурэттехымрэ журналистымрэ зытетхыхьри къагъэлъагъуэри. Драгъэблагъэ къулыкъущІэхэм я зэІущІэхэм, концертхэм, театрхэм, курыт еджапІэхэмрэ сабий садхэмрэ къыщызэрагъэпэщ пшыхьхэм, библиотекэхэмрэ музейхэмрэ щекІуэкІ зэІущІэхэмрэ гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ. Элинэ къытеувыІащ и лэжьыгъэ Іуэхум нэмыщІ дэзыхьэххэм. Езыр къэлътмакъ гъэщІэрэщІахэр, тхьэгъухэр зыщІ Іэпэ Іэсэщ. Абы гухэхъуэгъуэ къезыт Іуэхугъуэщ бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ сурэт трихыныр. ЗэрыжиІэмкІэ, абыхэм я щытыкІэм куэд къаІуатэ, къалэр зыхуэдэм деж къыщегъэжьауэ унэм щыпсэу цІыхухэм я дунейр зыхуэдэнкІэ хъунум щыщІэкІыжу. Сурэттехым къэрал куэд къызэхикІухьащ, апхуэдэу щыхъукІэ бжэ куэди «къызэІуихащ».

Ялъэгъуахэмрэ зэхахахэмрэ итхьэкъуауэ ныбжьыщІэхэр зэбгрыкІыжащ. Хэт ищІэн журналист ІэщІагъэм и къэкІуэнур зэлъытахэри абыхэм къахэкІынкІи хъунщ.

ГУГЪУЭТ Заремэ,
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ*.

ГъуэгуфІхэм гъащІэр ягъэтынш

Дызыхыхьа илъэсым республикэм и щІыналъэ гъуэгухэм хыхьэхэу гъуэгу лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІыну щІыпІэхэр яубзыхуащ. Ахэр 26-рэ мэхъу икІи псоми зэхэту километр 55-м щІигъу я кІыхьагъщ.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР ирагъэкІуэкІынущ «ГъащІэм папщІэ инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщІэщІэмрэ ди щІыналъэмрэ я мылъкукІэ. Абы хиубыдэнущ республикэм и къуажэ 15. Къызэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІыну автомобиль гъуэгухэм хуашэ социальнэ мыхьэнэ зиІэ ІуэхущІапІэхэм - сымаджэщхэм, еджапІэхэм, ЩэнхабзэмкІэ унэхэм, спорт ухуэныгъэхэм, нэгъуэщІхэми. Апхуэдэуи абыхэм зэпащІэ районхэмрэ къуажэхэмрэ.

Псалъэм къыдэкІуэу Прохладнэ щІыналъэм къыщызэрагъэпэщыжынущ цІыхухэр куэд щІауэ зыпэплъа, Новопавловск къуажэр, Прохладнэ, Мэздэгу къалэхэр зэпызыщІэ гъуэгур, Прохладнэ къалэм и гъунэпкъэм нэсыху. Гъуэгур ирокІуэ къалэм и Магистральнэ Первомайскэ уэрамхэм икІи абы километри 6,4-рэ и кІыхьагъщ.

Дзэлыкъуэ щІыналъэм къыщызэрагъэпэщыжынущ Малкэ къуажэмрэ Ингушли урочищэ зэпызыщІэ гъуэгур. Лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІынущ Ленинным и цІэр зезыхьэ уэрамым, адэкІэ Хъураным и цІэр зезыхьэ уэрамым хыхьэжыр. Гъуэгум къыбгъурытщ курыт еджапІэу 3, сабий сад, мэжджыт, фельдшер-акушер пункт, полицэм, къуажэ администрацэм я хэщІапІэхэр.

Май щІыналъэм автомобиль гъуэгуитІ зыхуей хуагъэззэнущ: Александровскэмрэ Уэзрэдж къуажэмрэ, Налшык - Май къалэхэр зэпызыщІэхэр. ЕтІуанэм деж лэжьыгъэр щрагъэжьэнущ Октябрьскэ къуажэм щыщІэдзауэ Прохладнэрэ Елъхъуэтымрэ зэпызыщІэ автомобль гъуэгум нэсыху.

Тэрч щІыналъэм и щІыпІитху хиубыдэнущ мы гъэм къызэрагъэпэщыжну гъуэгухэм. Абы щыщу тІур Тэрч псым телъ лъэмыжитІырщ. Зыр, метри 162-рэ зи кІыхьагъыр, Май къалэмрэ Урожайнэ къуажэмрэ зэпызыщІэ автомобиль гъуэгум хохьэ. ЕтІуанэр хуозэ Прохладнэмрэ Елъхъуэтрэ зэпызыщІэм, абы метри 180-рэ и кІыхьагъщ.

Абы нэмыщІ, къызэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ Дей къуажэм ЩауэцІыкІум и цІэкІэ щыІэ и уэрамым. Ар ирагъэжьащ 2024 гъэм. Апхуэдэуи мы гъэм пэрыхьэнущ Дей, Курп Ищхъэрэ къуажэхэр зэпызыщІэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и гъунапкъэм нэсыху кІуэ, километри 5,8-рэ зи кІыхьагъ автомобиль гъуэгум, абы къыбгъэдэкІыу Курп Ищхъэрэмрэ Ипщэмрэ зэпызыщІэ гъуэгур, километри 4,5-рэ зи кІыхьагъыр хэту.

Аруан щІыналъэм къыщызэрагъэпэщыжынущ километр 14 зи кІыхьагъ щІыналъэ гъуэгур - Мэрзэхъурэ Шытхьэлэрэ, Шэрэдж Ищхъэрэ, Жэмтхьэлэ, Сукан-Су къуажэхэр зэпызыщІэхэр.

Шэджэм щІыналъэм нэгъабэ щегъэжьауэ къызэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ Шэджэм ЕтІуанэмрэ Булунгурэ зэпызыщІэ, километр 25-рэ зи кІыхьагъ гъуэгур. Абы хеубыдэ лъэмыжу 9. Апхуэдэуи къызыхуэтыншэу къагъэщІэрэщІэжынущ Каменкэ къуажэм къыпекІуэкІ, километр 1,8-рэ зи кІыхьагъ автомобиль гъуэгур.

2025 гъэм Іуащхьэмахуэ щІыналъэм щыІэ нейтринэ обсерваторием хуэкІуэ, километр 1,5-рэ зи кІыхьагъ гъуэгур зыхуей хуагъэззэнущ.

Лэжьыгъэхэр псори дызыхыхьа илъэсым и япэ мазэхэм ирагъэжьэнущ, язынькъуэхэми щрагъэкІуэкІ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Налшык губампІэр» губампІэдэхыу...

Ди зэманым ипэжыпІэкІэ поджэж Чэрим Мариannэ и «Налшык губампІэ» романыр. Къалэм дэлъ губампІэр дэтхэнэми къыжьэхоуэ. Мыр гъащІэ губампІэщ, дызыхэпсэукІ дунейщ, ди нобэм и къэгъэшыпІэхэм узыщрихьэлІэщ. Іуэхугъуэу къызэщІиубыдэри куэд мэхъу: гухэлъыр, адэ-анэмрэ бынымрэ я зэхуаку дэлъ зэхущытыкІэр, щІэныгъэм и мыхьэнэр, усыгъэр зищІысыр, литературэр гъащІэм зэрыхэувэр, хьэблэ зэхущытыкІэр, ныбжьэгъугъэр, къулыкъумрэ мылъкумрэ цІыхум дежкІэ, нэгъуэщІ куэди.

А ПСОМ я гущІыІу зыкъищІу къызэпкърихащ диным и Іуэхур. «Япэм маршруткэм дэсхэм уэрэд къырагъауэу щытащ. Иджы мис муслъымэн диным укъыхураджэ. «Щыму дызекІуэным дапщэ и уасэр?» - яжепІи хъуркъым», - жеІэ игукІэ, мэжджытым къыщІэкІыжу маршруткэм итІысхьа Іэсият, ІэлъэщІыр фарзщ жиІэу, шофёрыр къеущиен щыщІидзэкІэ. ГъащІэми апхуэдэ Іуэхугъуэхэм ущрохьэлІэ. Пэжуи, жьакІэ зэрытет къудейм муслъымэн ирихъуу къызыфІэщІ куэдым я зы щапхъэщ шофёрыр. ЦІыхубэ транспортракъэ цІыхухэм я зэхэтыкІэ-зэхущытыкІэр нэхъыбэу щыплъагъур! И лІыхъужьыр абы исыху, аргуэру зы щапхъэу къегъэлъагъуэ теплъэкІэ муслъымэну, псалъэрэ - щэнкІэ диным хуэхейуэ зы бзылъхугъи. «Фарзым тету хуэпа» бзылъхугъэм щІыгъу сабийр маршруткэбжэм деж зэрыщытым тегузэвыхь нэхъыжьхэм анэ ныбжьыщІэм жраІэ сабийр и куэщІым ириіъэтІысхьэну. «КхъыІэ, фи щхьэ Іуэху зефхуэж!» - цІыхубзхэм къажьэхолъэ ІэлъэщІ зытелъыр.

Мыбдежым ипэжыпІэкІэ диным зи псэ хуэкъабзэу къыхэщыр Іэсиятщ. Аращ нэхъ дахэ, нэхъ гуапэ, нэхъ гумащІэ ищІыр.

Романым и пэм къыщыщІедзэри, и кІэм нэс диныр пхреш, абы и къабзагъэр къиигъэлъагъуэу, диным зыкъуэзыгъэпщкІуэну хэтхэр фІэтхьэмыщкІэу. ИкІэщІыращи, диныр - ІэлъэщІкъым, кІэ кІыхькъым, жьакІэкъым е щхьэгъусиплІкъым. Ар гумрэ псэмрэ я щытыкІэ къабзэщ.

Тхыгъэм хэт лІыхъужьхэм уахуогуавэ, узэгуагъэп, я пІэ уоувэ, уакъыдощІ. Романым щыпхышащ гугъэ. Ар псом хуэмыдэу гуапагъэ хэзылъхьэщ тхыгъэм щекІуэкІ псоми. Ар къыхощ Іуэхугъуэ куэдым. ТхакІуэр и лІыхъужьхэм яхуэгумащІэщ. Іэмал ярет заужьыну, тобэ къахьыжыну, зыщІэгупсысыжыну, я гум ирелъхьэ гугъэ, къахуегъуэт яхуэфэщэн ІуэхущІафэхэр. Мариаnнэ и лІыхъужьхэр и кІэм нэс ишэркъым, ябгъурыткъым. АтІэ гъуэгу зэхэкІыпІэм негъэсри, еутІыпщ. АдэкІэ зыкъалъыхъуэж езыхэм: я псэлъэкІэкІэ, ІуэхущІафэкІэ, гупсысэкІэ. Мыр тхыгъэр щІэщыгъуэ зыщІхэм язщ.

Гухэлъыр гъэщІэгъуэну къызэпкърихащ. СызэрепльымкІэ, гъусэ зэхуищІхэм зэгуэгъуу яхэтыр Асиятрэ Нухьрэ я закъуэщ. Мы тІур тхыгъэм къызэрыхыхьэу хуабагъэ, акъыл жан, дэчых, гупсысэ куу ядыболъагъу. Іэсхьэдрэ Сурэтрэ я гурыщІэр къигъэлъэгъуэну хэтщ, абы теухуа гупсысэхэри къыщыхегъэщ тІум я дежи. Лъагъуныгъэм, унагъуэм теухуауэ яІэ гупсысэхэми дыкІэлъегъэплъ. Ауэ щыхъукІэ, а тІум я гухэлъыр си фІэщ хъуакъым. Зэгуэгъукъым Сэхьидрэ Саидэри. ЦІыхухэр къаплъэмэ, «унагъуэ дахэщ» къыхужаІэн щхьэкІэ, насыпыфІэу фэ зытрагъауэ къудейщ. «Зозэгъ, зэфІэнэркъым, зы унагъуэщ», - жи. Аращ губампІэ хъужри - зым и гур адрейм хуэгъэтІылъакъым, хуІэпихукъым. НасыпыфІэу зэдэпсэукъым Радикрэ Иннэри.

Романым и лІыхъужь нэхъыщхьэу къегъэлъагъуэ Іэсхьэд. Мыбы и гупсысэм, и зэхэщІыкІым зрегъэужь, и щІэныгъэр къегъэлъагъуэ, и цІыхугъэм щыхьэт тохъуэ, къулыкъу ирет, и гур зэрыкъабзэр дегъэлъагъу. И псэр нэхущ икІи къулейщ. Ауэ Іэсхьэд Сурэт гурыщІэ хуиІэу ди фІэщ зэрымыхъур зэран мэхъу а лІыхъужьыр ипэжыпІэкІэ насыпыфІэу дыбжынымкІэ.

Іэсиятрэ Нухьрэ. Мы тІур «Тхьэм зэхуишащ» жыхуаІэм хуэдэщ. ЛІыхъужьхэр апхуэдизу псэ къабзэу, губзыгъэу, гуапагъэ яхэлъу, захуагъэм и телъхьэу дигъэлъэгъуащи, къыдгурыІуэ хуэдэщ, зы къуаншагъи, зы щыуагъи зыкІэримылъхьа а тІум, иужьым насыпкІи зэретэжынур. А гупсысэр ди гурыфІыгъуэу дыкъоджэ романым. «Зэгуэгъухэм зыкъыуагъэщІэн я хьэлщ. Зэуэ зэбгъэкІун щІыбодзэ, къызыхэпхри умыщІэу», - мыпхуэдэу йогупсыс иужьым Сэхьиди, а тІум щакІэлъыплъкІэ.

Усыгъэр зищІысым, усэм и къэкІуэкІэм, усакІуэм и гурыгъузхэм, сатырхэм хэухуэна гупсысэхэм, усакІуэпсэм телъ дыркъуэхэм теухуауэ куэд жиІащ тхакІуэм. Іэсхьэд и усэкІэр, и гупсысэхэр щапхъэ ищІащ абы щхьэкІэ. Іэсхьэдрэ Сэхьидрэ усакІуэм и мыхьэнэм, Уафэрыс Салим (ар Іэсхьэд творческэ цІэуэ къищтащ) и хъэтІым щытепсэлъыхькІи, усакІуэ хьэлыр нэІурыт мэхъу.

«Усэр гупсысэкъым. Ар къызыхэкІыр зыхэщІэращ, къыбгурыІуэракъым. Псалъэхэр я мыхьэнэхэмкІэ фІэкІа къэбгъэсэбэпу щымытамэ, дэнэт дэ дыздынэсынур? Сыт усакІуэшхуэхэм ятхам я анэдэлъхубзэкІэ дыкъеджарэт, щІыжытІэр. Езыхэр къэтцІыхун щхьэкІэ...», - жеІэ Іэсхьэд. «Стхым фыкъеджэ щыжыпІэкІэ, ди зэхэщІыкІым и хьэтыри плъагъун хуейщ... игъащІэм зэрымылъэгъуа усакІуэмрэ усэджымрэ зэзыпхыр зым жиІэр адрейм къызэрыгурыІуэрщ. Лъэпкъыр фІыуэ плъагъур пэжмэ, и зэхэщІыкІым зыдэщІ, си губзыгъагъэм фыкъылъэщІыхьэ, жыпІэу укъытхуемыплъыхыу», - педзыж Сэхьиди.

- Уэ зэрыжыпІэмкІэ, усакІуэм нэхърэ нэхъ насыпыншэ дунейм теткъым. НтІэ, сыт абы жиІэр сэ къызэрысхуэсэбэпынур? Уафэрыс Сэлим адрейхэм къащІыхэзгъэщыр сыпсэуарэт жызегъэІэри аращ, - жеІэ Сэхьид Уафэрысым и ІэдакъэщІэкІхэм я гугъу щищІкІэ. Іэсхьэд къызэрилъытэмкІэ, усакІуэм и гур икІи нэщхъейщ икІи къогуфІыкІ:

- И гур магъ зэпыт усакІуэм. И Іупэр зэтемыхьэуи мэгуфІэ. ЦІыху фІэфІщи, зэми гъащІэм къызэгуеч, зэм псэуфкъыми, матхэ!

- Зэм делэщ, зэм губзыгъэщ, - пхужымыІэу ара?

- АраипсщІ!.. Зэрынасыпыншэм насып къыхэзымыщІыкІыфам итхыращ сызыхуэмейр.

«Налшык губампІэ» тхылъыр куэдым щІаджыкІащ, тепсэлъыхьащ, зэІэпахыу зэджэхэм ящыщщ. Куэдым я гум къипсэлъыкІа тхакІуэм нэгъуэщІ художественнэ тхыгъэшхуэхэри иІэщ, ар зэдзэкІын Іуэхуми хуэІэижьщ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Куртимэс хьэмэрэ Къуртмэз?

• ПщІэну щхьэпэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр щІыуэпсым и къулеигъэхэм ящыщщ Къуртмэз. Гектар 20-кІэ зызыукъуэдия мэз Іувым мыхьэнэшхуэ иІэу ягъэуважуэ къогъуэгурыкІуэ. Ар Лэскэн щІыналъэм и ипщэ-къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэщ, Урыху къуажэм километри 3-кІэ пэжыжьэу. Къуртмэз жыг зэхуэмыдэхэр щокІ, мыІэрысей, кхъужьей, къущхьэмыхых, зэрыджэ, къинэмыщІхэми ущрохьэлІэ.

КЪУРТМЭЗ щхьэкІэ Куртимэс жызыІэхэр щыІэщ, сыт абы къикІыр жыпІэмэ, жэуап къуамытыжыфу. ЗэрытщІэщи, псалъэм адыгэбзэкІэ къимыкІІамэ, ар адыгэбзэкъым. ЗэхэдгъэкІынщ Куртимэсымрэ Къуртмэзымрэ къежьапІэ яхуэхъуар.

ЗэрыжытІащи, цІыхухэр Къуртмэз сытым дежи хуэсакъыу, яхъумэу нобэм къэсащ. А гульытэри зэман жыжьэм къыщожьэ. Къугъуэлъкъупщхэм ящыщ гуэрым и мылъкум хиубыдэрт мэзри, гу лъитащ абы бзу лІэужьыгъуэ куэд зэрыщІэсым, щІыпІэр яфІэтыншу ахэр зэрыгъуалъхьэрейм. ЩІыуэпсым пщІэшхуэ хуэзыщІ пщым унафэ ищІащ мэзым и Іэшэлъашэм фоч щамыгъэуэну, къуртхэр ямыгъэщтэну, щакІуэ зыри щІэмыхьэну, уеблэмэ псоми я къару зэхалъхьэу мы щІыпІэр яхъумэну. Пщым и гупыжь хуабжьу цІыхубэм даІыгъащ, и унафэри ягъэзэщІащ. ЗэрыжаІэжымкІэ, пщыр апхуэдизкІэ ирипагэт мэзым и дахагъэмрэ и къулеигъэмри, хьэщІэ къылъыхьамэ, «къурт и мэз» ишэрти, зригъэплъыхьырт. Ауэрэ мэзым къыхуэнащ Къуртмэз фІэщыгъэцІэр. ИужьыІуэкІэ ар урысыбзэ къэпсэлъыкІэм къытенами, Урыху и гъунэгъу осетинхэм я жыІэкІэм техьами хэт ищІэрэ, Куртимэс хъуащ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Къугъуэлъкъур апхуэдизу дэзыхьэхыу щыта мэз джэд бжыгъэншэхэр Къуртмэз куэд щІауэ щІэсыжкъым. Ауэ нобэр къыздэсым цІыхухэм а щІыпІэм пщІэ хуащІ, яхъумэ, жылэ зэхуэсхэмрэ лъэпкъ дауэдапщэхэмрэ щрагъэкІуэкІ.

ФЫРЭ Анфисэ.

ЛІыгъэм и дерс

Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къызэрыІэщІагъэкІыжрэ илъэс 82-рэ зэрырикъум ирихьэлІэу Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыІэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ, полицэм и полковникыу лэжьыгъэм пэрыкІыжа Хужьокъуэ Руслан ЛІыгъэм и дерс ядригъэкІуэкІащ Шэрэдж къуажэм дэт курыт еджапІэ №1-м щІэсхэм.

ВЕТЕРАНЫР школакІуэхэм яхутепсэлъыхьащ нэмыцэ дзэхэр Налшык къызэрытеуам, абыхэм пэщІэту екІуэкІа зауэхэм.

- Щышылэм и 11-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкІэ мыхьэнэ иІэщ зэрыпхъуакІуэхэм къыщыІэщІагъэкІыжа махуэщи. МазитІкІэ яІыгъат республикэр. Абы щыгъуэ хэкІуэдащ цІыху минхэр. ЩІыналъэм щыпсэухэм я лІыхъужьыгъэмрэ къэмылэнджэжу зэрылэжьамрэ я фІыщІэкІэ республикэр къэщІэрэщІэжын, къэралышхуэм щІыгъуу ТекІуэныгъэ Иным хуэкІуэн щІидзащ,- къыхигъэщащ Хужьокъуэ Руслан.

НыбжьыщІэхэм уэрэдхэр ягъэзэщІащ, ахэр зауэ илъэсхэм я усэхэм къеджащ.

ЗэІущІэм хэта школакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ Руслан фІыщІэ хуащІащ и дерс гъэщІэгъуэным папщІэ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Илъэсыр ІуэхукІэ зыгъэнщІыф

• Хъыбар гуапэ



Зы гъэр иухауэ къыкІэлъыкІуэм дыщытехьэм и деж цІыхум хузэфІэкІар, и Іэр зыхунэмысар, зыщыгуфІыкІыу къехъулІахэр щІипщытыкІыж хабзэщ. Апхуэдэу убгъэдыхьэмэ, тхакІуэ, Урысейм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм, Кавказым щыпсэу тхакІуэхэм я клубу Гуртуев Сэлихь и цІэр зезыхьэм хэт, «Талант» щІэныгъэ ІуэхущІапІэм урысыбзэмрэ урыс литературэмкІэ и егъэджакІуэ Къудей Фаридэ и гуащІэм къыхуащІа гулъытэкІэ 2024 гъэр хуэфІащ.

УРЫСЕЙМ и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и «СЛОВО-2024» литературэ саугъэтымрэ абы и дипломымрэ къыхуагъэфэщащ Фаридэ, къэралым и литературэ гъащІэм жыджэру зэрыхэтым, и жылагъуэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм папщІэ. Тыгъэр къыщыхуащІым, шэч хэмылъу, къалъытащ Къудейм литературэ зэхуэс куэд - фестивалхэр, литературэ еджэныгъэхэр, школым щІэсхэмрэ студентхэмрэ зыхэт зэІущІэхэр - зэрыригъэкІуэкІыр, нэгъуэщІ республикэхэм, псалъэм папщІэ, Ставрополь крайм, Дагъыстэн, Шэшэн, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм щызэхашэ Іуэхухэм жыджэру зэрыхэтар. ЦІыхубэм и псэкупсэ къулеигъэр гъэбэгъуэжыным теухуауэ Урысейм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм иригъэкІуэкІ Іуэхухэми и лэжьыгъэрэ и псалъэрэ хилъхьащ.

Саугъэтхэр зыхуагъэфэщахэм щратыжу Москва щекІуэкІа зэІущІэм къыщыхагъэщащ ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм гурэ псэкІэ хуэлажьэ цІыхуу Къудей Фаридэ зэрыщытыр, союзым хэту Москва щыпсэухэм нэхърэ нэхъ псынщІэу, нэхъ жыджэру сыт хуэдэ Іуэхури зэрызэфІихыр. Абы къегъэлъагъуэ пщэрылъ щащІ е езым къалэн зыщыщІиж дэтхэнэ зы лэжьыгъэми зэрыпэлъэщын зэфІэкІ, щІэныгъэ, гудзакъэ зэриІэр.

Къэралым и литературэ Іуэхум зэрыхэлэжьыхьам къызэщІеубыдэ адыгэ-шэрджэс, къэрэшей-балъкъэр литературэхэр ди цІыхубэм зэрахихьэр, ахэр нэгъуэщІ щІыпІэхэми хэІущІыІу зэрыщищІыр. Ди тхылъ тедзапІэхэм, типографиехэм дунейм къыщытехьэ ІэдакъэщІэкІ зэмылІэужьыгъуэхэр езым и мылъкукІэ къищэхуурэ бибилиотекэхэм щІелъхьэ, цІыху нэхъыбэ щыгъуазэ хъун хуэдэу.

Съездхэм я Кремль уардэунэм щекІуэкІа 25-рэ Православнэ Соборым хэтащ Фаридэ икІи абы къыщаІэта Іуэхухэм (УФ-м и Президент Путин Владимир, Москварэ Урысей псомрэ я патриарх Кирилл я къэпсэлъэныгъэхэм) зыубгъуауэ тетхыхьыжри щІэджыкІакІуэхэр щигъэгъуэзащ.

Фаридэ къыхуагъэфэщащ Лермонтовым и цІэр зезыхьэ Урысейпсо комитетым Кулиев Къайсын и цІэкІэ игъэува медалыр, Краснодар щыщ режиссёрхэу Нагие Светланэрэ Инверрэ я «Капелька слёз природы» фильмым хуитха сценарийм папщІэ, эколог-волонтёр ЦІыпІынэ Зубер теухуа тхылъым щхьэкІэ. 2024 гъэм къриубыдэу фІыщІэ, щІыхь тхылъ зыбжанэ къыхуагъэфэщащ Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэм ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ и министерствэм, ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ псапащІэ фондым, Кавказым ис тхакІуэхэм я клубым, нэгъуэщІхэми къабгъэдэкІыу.

Уи щэнхабзэ, щІэныгъэ, егъэджэныгъэ, жылагъуэ къызыфІэІуэху, абыхэм я зыужьыныгъэм папщІэ зи мылъкуи къаруи емыблэж цІыхум хуэмыфащэ фІыгъуэ щыІэкъыми, ди гуапэщ зыхуэпабгъэ псори къыдэхъуу куэдрэ лъэпкъым Фаридэ хуэлэжьэну.

ИСТЭПАН Залинэ.

• Хъыбарегъащ1э

ХьэрычэтыщІэхэм яхуэзэнущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Хабаров Николайрэ КъБР-м ХьэрычэтыщІэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ АфэщІыж Юрийрэ хьэрычэтыщІэхэм яхуэзэнущ 2025 гъэм щІышылэм и 23-м сыхьэт 15-м.

АР щекІуэкІынущ республикэм и прокуратурэм и хэщІапІэм: **КъБР, Налшык къалэ, Кулиевым и уэрам, 16**.

КъулыкъущІэхэм яІущІэну зи мурадхэм нэхъ пасэу зрагъэтхын хуейщ мы телефонхэмкІэ: **8 (866 2) 40-48-60, 8 (866 2) 40-03-70, 8 (866 2) 40-20-48, 8 (866 2) 42-29-05**.

Дунейм щыхъыбархэр

Хэт нэхъ лъэщыр?

Илъэс къэс ирагъэкІуэкІ къэралхэм я дзэ лъэщагъыр наІуэ къыщищІ къэпщытэныгъэхэр. Иджырейм къызэригъэлъэгъуамкІэ, США-м и дзэм япэ увыпІэр иубыдащ, Урысейр етІуанэ хъуащ. Абы къыкІэлъокІуэ Китайр, Индиер, Корее Ипщэр, Великобританиер, Франджыр, Япониер, Тыркур, Италиер. Украинэр 20-нэ увыпІэм щыІэщ.

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭХЭМ хэтащ къэрали 145-рэ, абыхэм я дзэхэм я зэфІэкІыр къалъытащ Іуэхугъуэ 60-м щІигъукІэ. Псалъэм папщІэ, къэралым иІэ мылъкур зэрызригъэкІуэкІыр, щІы хъурейм щІыналъэм щиубыд щІыпІэр, логистикэ Іэмалхэр, нэгъуэщІхэри.

Апхуэдэу «Global Firepower»-м 2024 гъэм къэрал 47-м я дзэ-тенджыз флотым, кхъухь хьэлъэзешэхэм къэрашэкІыфын тонн бжыгъэм елъытауэ, я лъэщагъыр зыхуэдэр къигъэлъэгъуащ. АбыкІэ Урысейм и ВМФ-р ещанэ увыпІэм щытщ, абы япэ итыр США-мрэ Китаймрэщ.

МылъкукІэ зыщІагъэкъуэнущ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІ Мишустин Михаил вице-премьерхэр хэту иригъэкІуэкІа зэІущІэм щыжиІащ мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьынымкІэ къэрал программэр Урысейм и Президент Путин Владимир къигъэлъэгъуа пщэрылъхьэр къыхалъытэу зэрызэрагъэзэхуэжар.

«ІЭЩІАГЪЭЛІХЭМ я щытыкІэр егъэфІэкІуэнымкІэ Іэмал хъарзынэщ къуажэхэм щыІэ хьэрычэтыщІэ Іуэху цІыкІухэр дэІыгъынымкІэ къыхалъхьа бгъэдыхьэкІэщІэр, - жиІащ абы. - Абы ипкъ иткІэ, иджы дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэмрэ абы хэтауэ запасым ягъэкІуахэмрэ ящыщу мэкъумэш хозяйствэмкІэ хьэрычэтыщІэ Іуэху къыщІэзыдзэну хуейхэми къэралым мылъкукІэ зыщІигъэкъуэнущ.

Іэщышхуэ зыгъэхъунухэм гранту сом мелуани 7-м нэблагъэ, нэгъуэщІ Іуэхухэр къезыхьэжьэнухэм сом мелуани 5-м нэблагъэ иратынущ. Апхуэдэу Мишустин Михаил къыхигъэщащ мэкъумэш хозяйствэр технологие зыужьыныгъэщІэхэм зэрыхуэкІуэм къыхэкІыу ІэщІагъэлІхэр гъэхьэзырыным гулъытэ нэхъ хуэщІыпхъэу зэрыщытыр. «Иджыпсту къуажэхэм псэукІэ тэмэм щыбухуэнымкІэ, мылъку хъарзынэ къыпэкІуэу уней Іуэху къыщызэбгъэпэщынымкІэ Іэмал хъарзынэхэр щыІэщ», - жиІащ абы.

ЩІышылэм и 16,
махуэку

♦**1922 гъэм** Балъкъэрыр Горскэ АССР-м къыхэкІащ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областыр РСФСР-м хэту къэхъуащ.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ УФ-м и ЛІыхъужь, СССР-м щІыхь зиІэ и кхъухьлъатэзехуэ-къэхутакІуэ **Мэзэхъу Владимир**.

1932 гъэм къалъхуащ биологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием и член-корреспондент **Тембот Аслъэнбий**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ пшынауэ Іэзэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист, АР-м и цІыхубэ артист **ЛІыцІэрыІуэ Ким**.

♦**1956 гъэм** къалъхуащ уэрэджыІакІуэ **Къашыргъэ Мухьэмэд**.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкІэ, республикэм уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи напщІэ темылъ тумылъхьэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

«ДжэгуакIуэ» деж къыщагъуэтыжахэр

Адыгэ Республикэм илъэс ныкъуэм щIигъуауэ щокIуэкI «ДжэгуакIуэ этнопарк» зыфIаща зыгъэпсэхупIэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр. Зэрыхабзэу, ахэр щIадзэн ипэкIэ, а щIыпIэр археологхэм хуит хуащIащ, зэрымыщIэкIэ тхыдэ щыхьэтхэр ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм хэмыкIуэдэн папщIэ. Зэрыхуагъэфэщауи, аргуэру зы напэкIуэцI къызэIуахащ.

МЕЙКЪУАПЭ районым хеубыдэ зи гугъу тщIы «ДжэгуакIуэ» кхъэлъахэр. «Адыгэ макъым» щылажьэ ди лэжьэгъухэм къызэрыджаIамкIэ, спорт зэхьэзэхуэ зэхэшапIэу зэрыщытаращ щIыпIэм а цIэр щIигъуэтар. ШыщхьэуIум щегъэжьауэ, абдежым щолажьэ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Днепровский Кирилл зи унафэщI археолог гупыр. IэщIагъэлIхэр къурагъэблэгъэным щхьэусыгъуэ хуэхъуар Дахэрэ ДжэгуакIуэрэ зэпащIэн папщIэ кIуэцIраш машинэ гъуэгухэр яухуэкIэрэ, пасэрей испы унэхэмрэ кхъэлэгъунэхэмрэ зэраIуэуарщ. Арати, АрхеологиемкIэ кавказ экспедицэр занщIэу а щIыпIэм къурашэлIащ.

Днепровскэм зэрыжиIэмкIэ, ДжэгуакIуэ кхъэлъахэр Iыхьищу ягуэш: Ипщэр а цIэ дыдэр зезыхьэ псыежэхым и щIыбагъым хуозэ, адрей тIур: Ику итымрэ Ищхъэрэмрэщ. Мы кхъэлэгъунэхэр домбеякъым и лъэхъэнэм хуахь, ауэ щхьэфэ зыбжанэу зэрызэщхьэщыкIым къыхэкIыу, «щIакхъуэ зэтеупIэщIыкIым» хуэдэу Iувщ, дэтхэнэ зы Iыхьэри нэгъуэщI зэманым ейуэ къыщIэкIынкIи хъуну. Дауи, къагъуэта хьэпшыпхэм я нэхъыбэр къутахуэу къыщIокI, абы къыхэкIыу, нащIысыжын хуей мэхъу. Днепровскэм жеIэж: «ЩэкIуэгъуэм мыбдежым адыгэ бзылъхугъэм и хьэдэ къыщагъуэтыжауэ щытащ XIV - XV лIэщIыгъуэхэм щIалъхьауэ хуагъэфащэу. Зэрыадыгэр къызэращIар и пыIэмкIэщ: зи лъабжьэр упщIэм къыхэщIыкIа таж папцIэр лъэпкъ фащэр уигу къэзыгъэкIыж дыжьынкIэ гъэщIэрэщIат, и щIыIум тхыпхъэ тету, дыщэ лэрыпс цIыкIуи кIэрыблат».

Кхъэлэгъунэхэм елэжьыныр Iуэху тыншу щымытым къыщымынэу, адрей дуней жыхуаIэ гъащIэм епха гупсысэхэр ухуей-ухуэмейми къыптозэрыхь. Апхуэдэ хъыбархэри иIэщ Днепровскэм. Псалъэм папщIэ, цIыху хьэдэ къыщIатIыкIыжыну къахуихуэху, уэшх къызэрешхым гу лъатакIэщ.

«Зэгуэрым Урысейм икухэм щекIуэкI раскопкэхэм сыхэтащ, - игу къегъэкIыж археологым. - Неолит зэманым хиубыдэ псэупIэ къэдгъуэтыжат, цIыху зыбжанэ мащэшхуэ гуэрым щыщIалъхьауэ. Япэу ди белыр цIыху къупщхьэм зэреIусэу, губгъуэмкIэ гъуэбжэгъуэщ ирикIуэу къэтлъэгъуащ. Сабэ къыттрипхъэри, псыежэхымкIэ ехащ иужькIэ».

Археологхэм лэжьэн щIадза нэужь, Адыгейм и лIыщхьэ КъумпIыл Мурат унафэ ищIащ абыхэм къагъуэтыж ухуэныгъэхэр зэрыщыту къагъэнэну, хьэпшыпхэри яхъумэну. Туристхэм папщIэ ягъэхьэзыр ухуэныгъэм республикэм и тхыдэр къыщIигъэщыжащ зэрымыщIэкIэ. «Ди деж къакIуэ туристхэм ди щIыналъэм и тхыдэр къащIэну Iэмал яIэн папщIэ, археологиемкIэ IэщIагъэлI нэхъыфI дыдэхэр къыдошалIэ. Мы илъэсым и закъуэ апхуэдэ экспедицэ щэщI нэхърэ мынэхъ мащIэ щыIащ ди республикэм», - жиIащ щIыналъэм и унафэщIым.

Иджыблагъэ къагъуэтыжа хьэпшыпхэр Кавказ Ищхъэрэм щызэфIэува щэнхабзэм хуахь. Абыхэм язщ «къэбэрдей-псыхуабэ лIэужьыгъуэм» хиубыдэ джыдэр. «Четук-4» кхъэлэгъунэм къыщагъуэтыжа бзылъхугъэм и бгырыпхым домбеякъым къыхэщIыкIа мыщIэхэр хэсщ, и лъакъуэм хуэзэу щылъщ тхыпхъэхэр зыхэт алэрыбгъу, и щхьэм пэгъунэгъуу къыщагъуэтащ къуиплI зытет кхъуэщын, кIапсэм ещхьу зызышыхь тхыпхъэ тету.

«Адыгэ арджэным и тхыдэр зэман пасэ дыдэм зэрыIэбэр къагъэлъагъуэ мы къэхутэныгъэ лъапIэхэм. Абыхэм я фIыгъэкIэ Адыгейм и блэкIари, абыхэм я Iэгъуэблагъэм илъэс мин бжыгъэ ипэкIэ иса лъэпкъхэм я тхыдэри нэхъ нэгъэсауэ зэфIоувэж», - щетх КъумпIылым и телеграм каналым.

Тхылъымрэ гъащIэмрэ

Тхылъым и IэфIыр нэхъ кууэ зыхозыгъащIэ литературэ хъугъуэфIыгъуэщ таурыхъхэр. Сабиигъуэм къыщожьэри, и гъащIэ псом кIуэцIрех цIыху балигъым псысэм къыдэуша гурыщIэхэр. Апхуэдэ гукъэкIыж IэфI ди къуажэ библиотекэм епхауэ си гум къызынахэм ящыщщ Андерсен Гански, Гримм Зэкъуэшхэри, нобэ зи гугъу тщIыну ди мурад Ершов Пётр и «Шы щIыбышэ цIыкIури» («Конёк-горбунок»).

1815 ГЪЭМ Сыбырым къыщалъхуа Ершов Пётр мазаем и 22-м илъэс 210-рэ ирикъунущ. Ауэ сабиигъуэ плъыфэбэр нэгум къыщIэзыгъэувэжа абы и псысэ цIэрыIуэм и адыгэ хъыбарым си дежкIэ къыщыщIидзар интернетырщ. Тхыдэ тхылъыжь гъэщIэгъуэнхэр зэрылъ «Лъэпкъ электрон библиотекэм» и къэлъыхъуапIэм ди лъэпкъыцIэр щистхэм, абы къридзащ игъащIэм сымылъэгъуа, зи фIэщыгъэ шэрыуэмкIэ узытхьэкъу тхылъым и IуплъапIэ жинтыр: «Алъпжьей-тхыкъей». Ершовым и псысэм и цIэр апхуэдэу Iэзэу зэзыдзэкIар къэзмыщIэнкIэ Iэмал имыIэу сыхъуа щхьэкIэ, тхылъыр къыщыдэкIар Налшыкыу щытми, ар зыщIэлъыр усакIуэм и музейуэ Ишим къалэм къыщызэIуахарт. Тхылъым теухуауэ ит мащIэм къыбжаIэр ар 1961 гъэм зэрытрадзарт. Жэуап къыщыслъыхъуар зэлэжьэгъухэм телеграмым щызетхьэ «Нобэ» каналырщ. Мыращ-морaщ, мы тхылъым и мэ къызыщIихьа щыIэу пIэрэ житIэу дыщыщIэупщIэм, къыспэджэж щIыкIэу адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ БищIо Iэсият и напэкIуэцIым кърилъхьащ а псысэ дыдэм и нэгъуэщI зэдзэкIыгъэ: «Шы цIыкIу тхышэ цIыкIу». Мы иужьрейр къыщыдэкIар 1955 гъэрт, зэдзэкIакIуэр зэкIэ зи цIэм зыри къызжимыIэ Акъ Алийт. ЕтIуанэ лъэбакъуэр тчынымкIэ Лъэпкъ библиотекэм и лъахэхутэ къудамэм и лэжьакIуэ Безыр Ленэ къыддэIэпыкъуащ. «Алъпжьей-тхыкъейм» сыщыщIэупщIэм, ар занщIэу къигъуэтри, дызыхуейр къытIэрыхьащ. Акъ Алий и зэдзэкIыгъэр зэрыщыту интернетым илъ щхьэкIэ, ар къыщыдэкIа щIыпIэр наIуэтэкъым. Акъыр дымыцIыху пэтми, зы тхыгъэ цIэрыIуэм и зэдзэкIыгъэу тIу адыгэбзэкIэ зэрыщыIэр уигу хэзыгъахъуэ, лъэпкъ литературэр лъагапIэ гуэрым зэрытетым и нэщэнт. Фигу къэдгъэкIыжынщи, илъэс зыбжанэ ипэкIэ Тхьэгъэзит Зубер Iэзэу зэридзэкIа Руставели Шота и «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлIым» къыкIэлъыкIуэу, Бер Хьэбалэ и «Къаплъэныфэ зыщыгъ лIыхъужьри» къыкъуэкIыжауэ щытащ. Ершовым и псысэм и Iуэхур абы ещхьтэкъым. 1961 гъэм къыдэкIа «Алъпжьей-тхыкъейр» адыгэбзэм къизыгъэзэгъар блэкIа литературэ лъэхъэнэм зэдзэкIакIуэ нэхъ Iэзэу къыхэщхэм яз Жаным Борист. «Шы цIыкIу тхышэ цIыкIур» абы и пэ илъэситхукIэ зэзыдзэкIар КъШР-м щыщ журналист, усакIуэ Акъ Алийт. НэгъуэщIу жыпIэмэ, «къэбэрдей-шэрджэсыбзэкIэ» дызэджэ ди бзэ къудамэм зэуэ къуэпситI къыдэжауэ арат, Ершовым и псысэ цIэрыIуэр изэгъауэ.

Зэманым и нэщэнэ къызытена Жанымым и тхыбзэм и щапхъэу, пэублэм щыщ сатыр зыбжанэ къэтхьынщ: «Алъпжьей-тхыкъей» таурыхъыр зытхар Пётр Павлович Ершовщ. Ар Сыбыр къыщалъхуащ 1815 гъэм. Абы и сабиигъуэм щыгъуэ ар куэдрэ едаIуэу щытащ Сыбыр щыпсэу мэкъумэшыщIэхэм жаIэ таурыхъхэм. А зэдэIуа таурыхъхэм щыщу куэди зригъэщIауэ, езыми ахэр дахэу жиIэжыфу щытащ» *(пэжырытхэр зэрыщыту къэдгъэнащ - Ч. М.)*.

ГъэщIэгъуэн куэд зыпыщIа псысэм и хъыбарым усакIуэм и ныбжьым деж къыщыщIедзэ. Илъэс 19 фIэкIа хъуртэкъым Ершовыр абы мы таурыхъыр щытрыригъэдзам. Езым и псалъэм тепщIыхьмэ, къигупсысауэ зыри хэткъым. Жанымым зэрыжиIауэ, IуэрыIуатэм къыхихыу, езым усэбзэм ирилъхьа къудейщ. А зэманым Пушкиным и лъэрызехьэгъуэт, и таурыхъ цIэрыIуэхэр дунейм къытехьакIэт, арати, Ершовым и IэдакъэщIэкIыр усакIуэ цIэрыIуэм щригъэлъэгъуам, къыжриIари тхыдэм къыпхыкIащ: «Иджы мы тхыгъэ лIэужьыгъуэр сэ къэзгъанэми хъунущ». Си пIэ къиувэн къыслъэщIыхьакIэщ жыхуиIэу, усакIуэ щIалэр игъэгушхуэу арат Пушкиным. АрщхьэкIэ уи натIэм итым уIэщIэкIын? Ершовым усэ тхыныр и щIалэгъуэ зэштеупIэу къэнэжри, егъэджэныгъэм зезыгъэужь къулыкъущIэшхуэ хъуащ. ИтхаIами, «Конёк-Горбунок»-м и пщIэм хуэдиз зыгъуэта и тхыгъэхэм къахэкIакъым. Арати, «Алъпжьей-тхыкъейр» Пушкиным итхауэ, ар ибзыщIын папщIэ, Ершовым и цIэкIэ къытрыригъэдза хуэдэу къэрахьэжьащ. ЩIагъыбзэхэр декабристхэм, пащтыхьым имыдэну гуэрхэм ятеухуауэ зэпхагъэIукIын щIадзэри, ар ди нобэми къэсащ. ИпэжыпIэкIэ Пушкинымрэ Ершовымрэ я бзэр зэхэзэрыхьынкIэ Iэмал имыIэу зэщхьэщокI. КъинэмыщIауэ, усыгъэм гу хуэзыщIауэ и тхэн гукъыдэжыр илъэс 25-м щхьэпрызыхыфыр мащIэщ. Ершови къыщыщIар арагъэнущ.

Ди дежкIэ мыхьэнэ нэхъ зиIэр нобэ тIэщIэлъ зэдзэкIыгъэхэращи, мыбы нэхъ Iэзэу зэридзэкIащ, мыбы ейр хъуакъым жыпIэн хуэдизу зэщхьэщыкIыркъым къэбэрдеймрэ шэрджэсымрэ я адыгэбзэ къигъэзэгъэкIэр. КIуэ, Жанымыр рифмэм нэхъ елIэлIауэ пхужыIэнущ, Акъым и тхыгъэр зэрыхъукIэ оригиналым ирихулIэну зэрыхэтар IупщIщ. Ауэ тIуми къыхэпхыни, «уезыхьэжьэни» я куэдщ. Мис, псалъэм папщIэ, зи плъырыгъуэр къэса Иван-делэ и щIэкIыгъуэр Жанымым къызэригъэлъагъуэ сатырхэр:

Къэпталыжьыр къыщылэлу,
Къох хьэкущхьэм зэфIэлэлу.
Гъуэмылапхъэу щIакхъуэ къещтэ,
Плъырым кIуэныуэ зынещтэ.

А пычыгъуэ дыдэр Акъ Алий зэрызэридзэкIар мыпхуэдэущ:

Иван хьэкум, мис, къопщых,
Джанэ кIыхьыр зыщетIагъэ,
И гуфIакIэм щIакхъуэ делъхьэ,
Къэрэгъул увынуи макIуэ.

ЗэдзэкIын Iэзагъыр къэгъэнауэ, дауи, дяпэ итахэм я адыгэбзэм дэ дылъэщIыхьэжынукъым. Жаным Борис, псалъэм и хьэтыркIэ, пэублэм «хъуэщнэщыгъэ» псалъэр къыщегъэсэбэп. Ершовым и гугъу ищIкIэрэ, мыпхуэдэу жеIэ: «ИкIи абдейм *(тхэкIэр тхъуэжыркъым - Ч. М.)* абы мурад щищIащ езым и «Алъпжьей-тхыкъей» таурыхъыр, мэкъумэшыщIэм и къуэ Иван хахуэм, пащтыхь ахьмакъым, хъуэщнэщыгъэхэр зи бащэ алъпжьей-тхыкъейм я гугъу ищIу, итхыну».

Ершовым и таурыхъыр иджы хэт хуейми еджэну хуиту зэIэпах щхьэкIэ, зызэман пащтыхьымрэ чыристан диным и лэжьакIуэхэмрэ игъэпуду ягъэуври, трамыдзэжыххэ хъуат. Ауэ щыхъукIэ, Ершовыр езым и диным и къыщхьэщыжакIуэщ псысэм къызэрыхэщыр. Щапхъэм и хьэтыркIэ, зэкъуэшхэр бзэрым щыкIуэм, къащIэну зыхуейхэр кърибжэкIрэ пэт, усакIуэм мыпхуэдэу етх: «Пащтыхь СэлътIан чыристанхэр муслъымэн ищIыну къемыжьауэ пIэрэ?» («И нейдет ли царь Салтан басурманить христиан»). А пычыгъуэр Жанымым мыпхуэдэу зэридзэкIащ:

Пащтыхь СулътIан чыристэнхэр
Дэкум хуэдэу къигъэпцIэнум...
(еплъыну макIуэ, жыхуиIэщ - Ч. М.).
Акъ Алий ардыдэр мыпхуэдэу етх:
Пащтыхь СолтаникI абы хэту
Чристан диныр муслъымэнкIэ
зэрихъуэкIмэ...
(и тхэкIэр тхъуэжыркъым - Ч. М.).

Гурыщхъуэ хуащIахэр хуэмыфащэу къыщIэкIыжами, илъэс пщIы бжыгъэ гуэр дэкIауэ, зи хабзэхэр ткIий Николай Езанэр дунейм ехыжа нэужьщ Ершовым и ныбжьэгъухэм щажриIар: «Си «Алъпжьейр» щIэпхъуауэ, Урысейр къызэхежыхь».

Ершовым и музей Ишим дэтым «Алъпжьей-тхыкъейм» и зэдзэкIыгъэ псори щызэхуахьэсыжыну мурад ящIауэ къыщIэкIащ. ЗэкIэ къагъуэта бзэ 17-м адыгэбзэри яхэтщ. Ауэ езы зэдзэкIыгъэхэр 27-м фIэкIыу хуагъэфащэ.

Акъ Алий и зэдзэкIыгъэр интернетым зэрыщыту илъщ, Жаным Борис ейр, ищхьэкIэ зэрыщыжытIауэ, Лъэпкъ библиотекэм и лъахэхутэ къудамэм къыщывгъуэтынущ. Езыр адыгэгу-адыгэпсэрэ и IэщIагъэм хуэIэижьу абы щылажьэ Безыр Ленэ фIыщIэшхуэ худощI ди къэлъыхъуэныгъэхэм жыджэру зэрыхэтам папщIэ.

Уэздыгъей закъуэм и хыжьей

● Адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ

Кавказ Ищхъэрэ-КъухьэпIэ дахащэм и адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ ирикIуэн зыфIэфIхэм я гуп зэхэшэныр ди хъуэпсапIэщ. Куэд дымыхъуми, нэхъыщхьэр аракъым, атIэ апхуэдэ нэгузегъэужьыкIэм гу хуэзыщI щIалэхэр зэрыщыIэрщ.

АДЫГЕЙМ пхыкI лъагъуэхэмкIэ хы ФIыцIэ Iуфэм узэрыкIуэфынум щыгъуазэхэр Щхьэгуащэ псыхъуащхьэ иужьрейуэ къыдэс Гъуазэрыплъ и къуажэкIэ хуейм нэху дыкъыщекIащ.

Дэ, Бышэн Хьэбас, сэ, зэныбжьэгъухэу Хьэбас и къуэ Аслъэнрэ Мэремыкъуэ Амиррэ - къытпэщылът абазэхэ, убых Iуащхьэ лъагэхэм дащхьэдэхыу хы Iуфэм дынэсын папщIэ, зы щIыпIэм дикIыу адрейм дыкIуэу-рэ иджыри пщэдджыжьитху бгым къыщидгъэхьэну.

Нэху къыщыттещхьа щIыпIэ дахэм махуэщIэр гуапэу къыщытпежьащ. ИтIани, лъэс лъагъуэ дызэрытехьэнум зытедухуа щхьэкIэ, куэдрэ кIуэн зэрыхуейр къыттехьэлъэмэ, жытIэри, тIэкIуи шэч къытетхьэжат. АрщхьэкIэ, «гъуэгу техьэ къытенэркъым» жыхуиIэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр тедгъакIуэри, зекIуэм пыдмыщэныр тщхьэщыужащ.

Жэщ щитха чэтэн пщыIэ цIыкIуитIымрэ адрей хьэпшыпхэмрэ зэщIэткъуэжри, щхьэж къылъыдгъэсар и плIэидзэу, кIапсэ щIыкIэу ищхъэрэкIэ едукъуэдиихащ. Щхьэгуащэпс и кIейм дыдэту дыздехым, куэд дымыкIуу сэмэгурабгъумкIэ щыIэ къуэ бгъунж цIыкIум дыхуэзащ: ар Щхьэгуащэ хэлъэдэж ХьэкхъуафэпсшкIушкIужу къызыдэжыр арат.

Гъуэгуанэ дубзыхуам ипкъ иткIэ, адэкIэ къытпэщылъыр а псы бгъунжыр къызыдэж къуэладжэм бгъурыт лъагъуэмкIэ мэзылъэ джабэхэм дыдэкIыныр арати, Щхьэгуащэ и тIуащIэ бгъуфIэшхуэр дымыбгынэ щIыкIэ иджыри зэ дызэчэнджэщыжащ.

Гъуазэрыплъ ищхъэрэкIэ дызэреха тIэкIум къигъэлъэгъуат щхьэж къыхуехьэкIынур зыхуэдэр. Щхьэгуащэ кIейр Мейкъуапэ нэсыху зэщIэзыгъэхьэ асфальт гъуэгу зэлъыIухам нэмыщI ихъуреягъкIэ нэм къиплъыхьыр мэзылъэ бгыхэмрэ, ищхъэрэкIэ хуеIэу, адэкIэ-мыдэкIэ зезыIуэнтIэх Щхьэгуащэ псышхуэмрэт. Иужьрейм и дауш макъым дыщIэдэIукIыу мащIэ гуэркIэ дыщысыжри, зыкъэтIэтыжащ. Ипэ зекIуэгъуэм си адэ шыпхъум и къуэ Уэлджыр Заурэ дэрэ дгъэунэхуауэ щыта Хьэкхъуафэпсыкъуэ (Желобная) дэт гъуэгур иджы тщызыгъэпсынщIэн машинэ щхьэкIэ зытплъыхьын хуей хъуащ.

ДыздэкIуэм, дэ щIэх дыдэу гу лъыттащ гъуэгубгъум Iут унэщIэхэм ящыщ зым деж щыт «УАЗ» машинэмрэ абы бгъэдэт урыс щIалэмрэ. Зыщыхуэдгъазэм, дигъэщIэхъуакъым: уасэ гуэркIэ дызэгурыIуэщ, и «шым» дигъэкIэсри, дыздишэфым дынидзысащ. «АдэкIэ быркъуэшыркъуэщ» - щыжиIэм, сыт тщIэжынт, «гум» дыкъипкIыжащ.

Дызыдэт къуэм щхьэщылъэгыкI «Нагъуэ» бгы екIуэкIым и лъабжьэм щIэт «Партизан гуэлкIэ» зэджэ псы хъурей дахэм дынэсын папщIэ иджыри километри 10 хуэдиз ткIун хуейт, ныбжьыщIитI ди гъусэрэ хьэпшып хьэлъэхэри тIыгъыу.

Лъагъуэр Iейт, вагъэбдзумэ зэгъэдзэкIам ещхьу дэтхъуа куухэр иIэу. Ар нэхъ бгъуфIэ ящIыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр илъэс зыбжанэ хъуауэ мы щIыпIэм щекIуэкIырт. Гъуэгуухуэхэм я зыгъэпсэхугъуэ махуэти, машинэ-тракторышхуэхэр адэкIэ-мыдэкIэ щызэхэтт.

Унэжь цIыкIу гуэрым бгъэдэт щIалэм дыбгъэдыхьащ. ФIэхъус щетхым, езыр къыдэлъэIуащ: «ИщхьэмкIэ Анзор фыщыхуэзэмэ, кхъыIэ, схужефIэж сызэрыпэплъэр!» - жиIэри.

АдэкIэ дыщыдэущейм, дыгъэм и зыкъэIэтыгъуэми нэсауэ, ипэ зекIуэгъуэм сызыIущIа псыкъуэпс щIыIэтыIэ цIыкIуу мывэ духэм къакIуэцIрыжым дрихьэлIащ.

ДызыIущIам, дауи, мы зекIуэгъуэм хэтхэри щыгуфIыкIащ: зыщыдгъэпсэхункIэ, псылъэхэм ярытхэр щызэтхъуэкIынкIэ телъыджэт.

Пщымахуэ Анзор дыIуощIэ

Псы цIыкIу къешкIурэхым и дауш макъым щIэщхьэукъукIа ныбжьыщIэхэр игъуэлъыкIауэ здэщылъым, ищхьэкIэ къех щIалэ къамылыфэр и теплъэкIэ зэрыадыгэм ди гупсысэр хуэжати, жиIэным хунэдмыгъэсу, анэдэлъхубзэкIэ: «Уи махуэ фIыуэ!» - жетIащ. Езыми, ди фIэхъусым зэрыщыгуфIыкIар и нэгу къищу, «нэхъыфIыжу!» - къытпидзыжащ.

И жэуапым къыдигъэщIащ къыдихьэлIар зэрыкъэбэрдей адыгэр. Ахэр дэсщ Адыгэ Республикэм хыхьэ Хуэдз, Блашэпсынэ, Куэшхьэблэ, Улапэ къуажэхэм. Къытхуэзам дыкъыздикIа-дызыщыщыр щетIуэтылIэм, езыми: «Хуэдз жылэ, Пщымахуэхэ сащыщщ, си цIэр Анзорщ», - жиIащ.

Дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсымрэ махуэм и дахагъэмрэ ядекIун гуапагъэ хэлъу къыдэпсэлъащ а щIалэр. АрщхьэкIэ езыри къыпэплъэ и лэжьэгъум деж ехыжын, дэри гъуэгум пытщэн хуейт.

ДыздэкIуэр щыжетIэм, Пщымахуэхэ я къуэм чэнджэщ къыдитащ электрокъарур зрикIуэ гъущI кIапсэхэр зыпылъ пкъо абрагъуэхэм я лъабжьэм щIэкI лъагъуэм дригъуэзэну.

- Ар сыт щхьэкIэ? - жытIэу дыщеупщIым, - Нэхъ кIэщIщ, - къытпидзыжащ. - «Партизан хыжьейм» нэхъ псынщIэу фынигъэсыну къысщохъу.

А махуэм лъэсу къэткIуар тIэкIу тфIэмащIэIуэми, щхьэж къехъулIамкIэ дызыхуэарэзыжу, пшапэр щызэхэуэм, егъэзыпIэ къэлъыхъуэн щIэддзащ. Къэдгъуэтащ гъуэгущIхэм ираупщIыкIыурэ мэзыншэу къагъэна «щIы зэлъыIухам» ику дыдэм щежэх псы къабзэ цIыкIумрэ абдежым къыщызэтена жыг гуэрэнышхуэмрэ къедза щIыпIэр.

Пхъэ гъэсыни здэкуэд, псыми пэмыжыжьэ щIы щхьэфэ джафэ тIэкIум чэтэн пщыIэхэр щыдгъэув хъунут. Ахэр зэгъэзэхуэныр си пщэ щыдэслъхьэжым, пщыхьэщхьэшхэр Хьэбас зэригъэпэщащ.

Ныбжьэгъум и нэшхуэгушхуагъэмрэ и IэбэкIэмрэ щыплъагъукIэ, уигу хэмыхъуэн пхузэфIэкIынутэкъым. Унэ кIуэцI щIэмысми, тыншыгъуэм пэIэщIэми, щIыуэпсым хэсыхьу, дэнэкIэ зимыгъазэми, зыми хуэмычэм хуэдэу къыпщигъэхъуфынут Бышэным.

Дакъэжь мафIэ зэщIэтщIамкIэ кIэртIофрэ лырэ зэдэдгъавэри, шейри тедгъэувэжащ. IэфIу дызэдэшхэри, мафIэ бзийхэр зытридзэ уэздыгъеишхуэхэм я лъабжьэм дыщIэгъуэлъхьащ. Уафэ лъащIэншэм ис вагъуэбэм дыхэплъэу, гупсысэ IэфIхэм дыхэту, зы зэман дгъэкIуауэ, ди нэхэр щызэтепщIэм, пщыIэхэм зыщIэдгъэзэгъэжащ.

Нэху къыщыттещхьэм, Хьэбас псом япэ къэтэджри, мафIэ ужьыхыжар къызэщIигъэстыжащ. Дыгъуэпшыхьрей ерыскъым щыщу къэнар игъэхуэбжауэ къыдэжьэрт...

Гъуэгум адэкIэ пыдощэ

ИпэкIэ дыплъэмэ, сэнтх щIэплъыпIэр лъагэкъым, арщхьэкIэ и дэкIыныр хьэпшыпхэм хьэлъэ къытщащI. Ауэ, дэ шэч къытетхьэртэкъым абы дызэрытеувэу, IуплъапIэм зэрызихъуэжынуми, нэгум къыщIэувэр щIэщыгъуэ зэрытщыхъунуми.

Апхуэдэуи къыщIэкIащ: дэкIуеигъуэехыгъуэ зыбжанэм дазэрыфIэкIыу, дэгъэзеигъуэ задэри кIуэщIащ, щIыри сэтей къэхъужащ. Абдежым ухуэныгъэ гуэрхэм, «шокъу!» жиIэу, дарохьэлIэ. Ахэр сэ зэуэ къызоцIыхуж. Здэдгъазэ хъуну къытхуэнэжар сэмэгу лъэныкъуэрати, унэхэм дащыпекIуэкIым, тIэкIу-тIэкIуурэ къэтлъэгъуащ «Уэздыгъей закъуэм и гуэл» зыфIаща псы хъурей дахэшхуэу махуэ псокIэ дызыхуеIари, ар зи курыкупсэм ит, «Партизан хуей» зыфIаща сэтей зэпэхъуреишхуэри.

«Хы мывэ» тхыцIэм хэт Нагъуэ-къущхьэ бгы екIуэкIым и лъабжьэр зыгъэдахэ фэхум а цIэр щыкIэрыпщIар Граждан зауэм и ужькIэщ. ЗэрыжаIэжымкIэ, мыбдеж 1919 - 1920 гъэхэм партизан «плъыжьхэм» я хэщIапIэу щытащ. Мы щIыпIэр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэми нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэува партизанхэм я зэхуэсыпIэт. Бийм и кхъухьлъатэхэм зыкърамыгъэхутэн папщIэ, абыхэм псы хъурейм и Iэгъуэблагъэм зыкъыхуэзыший къуэладжэхэмрэ мэзылъэ къуэ кууцIыкIухэмрэ зыщагъэпщкIурт.

Тхыдэм зэрыжиIэмкIэ, совет зауэлIхэмрэ партизанхэмрэ Сочэ къалэ хуеIэ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм мы щIыпIэм лъэщу щапэщIэувэри, ахэр благъэкIакъым. Апхуэдэ лIыхъужьыгъэ зезыхьа хэкупсэхэм я фэеплъ мывэ Щхьэгуащэ (Белореченскэ) щхьэдэхыпIэм иджыри дыщрихьэлIэнущ...

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

ПсалъалъэщIэ хьэмэ жьы?

Балинт Габор (1844 - 1913) и цIэр адыгэбзэм, псом хуэмыдэу абы и къэбэрдей-шэрджэсыбзэ къудамэм къызэрыхыхьэжрэ куэд щIакъым. 1992 гъэм къыдэкIауэ щыта «Адыгэ псалъэм» и номерхэм я зым тетащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Апажэ Мухьэмэд и IэдакъэщIэкIыу «Хуэмыфащэу бжэкъуагъым къуагъэта» тхыгъэр. ЩIэныгъэлIыр къыщхьэщыжырт «Къэбэрдей-венгр-латин» псалъалъэр зэхэзылъхьа мэжэр щIэныгъэлIым.

БАЛИНТ дигу къэдгъэкIыжыным зэуэ щхьэусыгъуитI къыхукъуэкIащ. Езыр гъэ кIуам илъэси 180-рэ зэрырикъуам нэмыщI, ар зыхэта, Зичи Евгений 1895 гъэм зэхиубла Кавказ экспедицэр къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм и накъыгъэм илъэси 130-рэ мэхъу. Хэлъэт къызэрымыкIуэ зиIа щIэныгъэлIым езым иицIыхухэм ящыщу зыри зэрымыпсалъэ адыгэбзэр зригъащIэри, и къэхутэныгъэхэр дунейпсо щIэныгъэм хигъэхьащ, Кавказым зыплъыхьакIуэ-лэжьакIуэ къэкIуа нэужьи, цIыху мин щэ бжыгъэм ядэуэршэращ. Уи къежьапIэр къэплъыхъуэжкIэрэ, уи бзэм и благъэу зэрыхуэбгъэфащэ къудейм щхьэкIэ, адыгэбзэм хуэдэу бзэ мытынш зэбгъэщIэфын хуейтэкъэ? Хьэмэ абы теухуа лэжьыгъэр бзэ щIэныгъэм щызекIуэ дамыгъэхэмкIэ къэбгъэлъэгъуэжыфын папщIэ, сыт хуэдиз нэхъуеиншагъ хэплъхьэн хуей уи IэщIагъэм?

Балинт Габор Сенткатолнаи 1844 гъэм Венгрием къыщалъхуащ. Езым тырку бзэ къудамэхэмкIэ IэщIагъэлIут нэхъыбэу зэрызилъытэжыр, ауэ мэжэрыбзэми монголыбзэхэми фIыуэ хищIыкIыу щытащ, къызыхэкIа лъэпкъым и узэщIакIуэу къалъытэ. Пукиш Владимир «Адыгэ псалъалъэ зэхэзылъхьа, бзэ куэд зыщIэ мэжэр» зыфIища и тхыгъэм Балинт теухуауэ щетх: «Абы 1904 гъэм къэбэрдей-мэжэр-латин псалъалъэ къыдигъэкIащ. Иджырей адыгэ бзэ щIэныгъэлIхэм, этнографхэм, тхыдэджхэм я дежкIэ а лэжьыгъэм и мыхьэнэр абрагъуэщ, сыту жыпIэмэ, абы нобэрей адыгэбзэм къыщамыгъэсэбэпыж псалъэ куэд хэтщ. 1895 гъэм Балинт Псыжь и Iуфэм къакIуэри, зылъэгъуахэм зэрыжаIэжамкIэ: «НапIэзыпIэм адыгэбзэ зригъэщIащ». Коложвар кIуэжа нэужь, абы къыдигъэкIащ Iэрытхыу напэкIуэцI 1128-рэ хъу и псалъалъэ абрагъуэр. Адыгэхэм я IуэрыIуатэмрэ тхыдэмрэ теухуауэ, Габор иджыри лэжьыгъэ зыбжанэ игъэхьэзыращ: къэбэрдеибзэр зэрадж тхылъэ «Хэку кэлъыхъуэжыкIэ Iэмал, е гуннхэм, сейкелхэм, мэжэрхэм, печенегхэм, половцхэм я Iуэхур зэхэгъэкIыным теухуауэ» (Коложвар, 1901 гъ.). Абы щIэныгъэлIым къыщехь мэжэрхэри, адыгэхэри, тэн къэзакъхэри гуннхэм къатехъукIауэ къыщигъэлъагъуэ тегъэщIапIэхэр».

ЗэрыжаIэжымкIэ, Балинт эсперантэ IэмалымкIэ бзэ 30-м щIигъу зригъэщIауэ щытащ. Езыр тIысыжыху щылэжьа, Коложвар дэт университетым Балинт щригъэджащ японыбзэ, тыркубзэ, монголыбзэ, кореибзэ, къэбэрдей адыгэбзэ. Абы и псалъалъэр, ди жагъуэ зэрыхъущи, къызэрыдгурыIуэн бзэ гуэркIэ зэрадзэкIауэ тлъэгъуакъым, кIуэ, ущыадыгэкIэ, латин хьэрфкIэ тха псалъэхэр къыхибоцIыхукIыф.

Зи щхьэхуитыныгъэм щIэбэна мэжэр лъэпкъым а зэманым я къежьапIэр къалъыхъуэжу апхуэдэти, тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу яIэр бзэрт. Зы гупым мэжэрхэр угро-финнхэм къатехъукIауэ, Урал лъэныкъуэмкIэ къикIауэ жаIэ щхьэкIэ, Балинтрэ абы и акъылэгъухэмрэ хуагъэфащэрт мэжэрхэр гуннхэм къатехъукIауэ. Арат Кавказым мыкIуэнкIэ Iэмал имыIэу щIигъэува щхьэусыгъуэхэм я зыр.

Балинт Габор дунейм къыщытехьа зэманым и Хэкур иджыри къэрал щхьэхуит хъуным фIыуэ пэжыжьэт. Тхыдэм щIэх-щIэхыу къыхощ Австро-Венгрие къэралыр. Нэмыцэхэр зи тепщэ мэжэр лъэпкъым и къудамэ цIыкIуу щытащ езы щIэныгъэлIыр къызыхэкIа «секелийхэри». Балинт хуигъэфащэрт а лъэпкъыцIэр «зиххэр» фIэщыгъэм къытехъукIауэ. Абы къыхэкIыу, мэжэрхэм я хэкужьри Меотей щIыналъэр здэщыIэн хуей Кавказым къыщилъыхъуэрт.

«Къэбэрдей-венгр-латин лексикон» зыфIища и тхылъым Балинт щызэхуихьэса адыгэ псалъэхэр зыхэт псалъэжьхэри къыщехь. Псалъэм папщIэ, «анэ»-м и гъусэу, «Анэм еплъи, ипхъу къашэ» псалъэжьыр къокIуэ. ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа, Апажэ Мухьэмэд и тхыгъэм къыхощ Балинт и фIыгъэкIэ зи Iыхьэ гуэрхэр пыхуа псалъэжьхэр нэгъэса зэрыхъужар. Псалъэм папщIэ: «Мыщэр зыщышынэр зэгурыIуэ зэшитIрэ дзитI зыIут къамэрэщ».

Илъэситху ипэкIэ КъБКъУ-м щекIуэкIа щIэныгъэ конференцым къыщыхалъхьауэ щытащ Балинт и псалъалъэр къыдэгъэкIыжын зэрыхуейр. 2017 гъэм щегъэжьауэ екIуэкI лэжьыгъэр и кIэм нэсарэ нэмысарэ дыщыгъуазэкъым. Дыщыгугъынщ ди бзэ къудамэм и цIэр зезыхьэ пасэрей псалъалъэм и кIапэр тIэщIэмыхупэну, ар нобэрей щIэныгъэм и Iыхьэ хъужыну.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

Юбилей

Лъэпкъ гъуазджэм и гуащэ

Урысей Федерацэм и цIыхубэ артисткэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ЮНЕСКО-м Гъуазджэмрэ щэнхабзэмкIэ и дунейпсо советым хэт, куэдым фIыуэ ялъагъу уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Гъэсашэ Наталье и ныбжьыр щIышылэм и 3-м илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуащ.

1940 ГЪЭМ Тэрч къалэм къыщалъхуа Наталье курыт еджапIэ нэужьым, 1957 гъэм Налшык и Музыкэ училищэм щIэтIысхьащ. 1960 гъэм и щIэныгъэм щыпищащ Саратов щыIэ консерваторэ Собинов Леонид и цIэр зезыхьэм. 1965 гъэм дипломыр кърatыжа нэужь, Гъэсашэм Налшык къигъэзэжащ. ЯпэщIыкIэ ар «Кабардинка» академическэ къэфакIуэ ансамблым (уэрэдымрэ къафэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал ансамблу щытам) щылэжьащ. А гупым и гъусэу Наталье щыIащ Совет союзым и щIыналъэ псоми, хамэ къэрал куэдми.

Гъуазджэхэмкiэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым уэрэджыIакIуэ гъуазджэмкIэ и кафедрэм и унафэщI, профессор Гъэсашэ Наталье 1992 гъэм щыщIэдзауэ щIалэгъуалэр ирегъаджэ, лъэныкъуэ куэдкIэ щапхъэ яхуэхъуу. Илъэс щэ ныкъуэм щIигъуауэ зи IэнатIэм жэуаплыныгъэ ин пылъу, гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ бгъэдэт егъэджакIуэр дэтхэнэ и зы гъэсэнми зригъэужьынымкIэ хузэфIэкI къигъанэртэкъым.

Куэд зытхьэкъуа макъ телъыджэ зиIэ, зыхилъхьэ щымыIэу зи лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъу бзылъхугъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и музыкэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэхэр къэлъытэгъуейщ. Ди щIыналъэм къищынэмыщIауэ, дуней псом щIэупщIэхэр щиIэу, Iэгуауэрэ удз гъэгъакIэ гъэнщIа концертхэр щызыта Наталье нэгъуэщI щIыпIэхэми щыцIэрыIуэщ, пщIэи къыщыхуащI. Лъэпкъ гъуазджэм и гуащэу къалъытэ бзылъхугъэм IуэхущIафэ куэдкIэ, зекIуэ бжыгъэншэхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ и гъуэгуанэр. Ар щыIащ Африкэм, Европэм, Азием я къэралыгъуэхэм, ди лъэпкъэгъухэр щыкуэд Иорданием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Канадэм, нэгъуэщI щIыналъэхэм. КъызэщIэпкъуэжмэ, къэрал 50-м щIегъу ахэр. Гъэсашэм дунейр къыщызэхикIухьар зэман ткIийт: къэралым икIыну хуитыр зырызт, апхуэдэхэри гугъу ирагъэхьырт - зы мэскъалкIэ шэч къытрахьэмэ, я нэхъ мащIэу гъуэгур хузэхуащIынут.

- Зыкъыщыдгъэлъэгъуэну дыздрагъэблагъэ къэралхэм я лъэпкъ уэрэдыжь къэзгъуэту я бзэкIэ зэрызгъэзэщIэным сыхущIэкъурт сыт щыгъуи. Ар Iуэху тыншу схужыIэнукъым, ауэ бысымыр абы зэрыщыгуфIыкIынур сщIэрти, гугъуехьри къысфIэIуэхутэкъым, - игу къегъэкIыж Наталье. - УэрэджыIакIуэм лъэпкъым пщIэ зэрыхуищIыр къэзыгъэлъагъуэ Iэмалщ ар. Уэрэдыр къэплъыхъуэу къэбгъуэтыныр Iуэхутэкъым, зэбгъэщIэныртнэхъ хьэлъэр. Африкэр лъэпкъ куэдыкIейм я щIыналъэщ, я бзэращи, абыхэмкIи зэщхьэщокI. Ауэ, дауэ хъуми, зэзгъэщIэрт, цIыхухэм я гуапэ сщIын щхьэкIэ.

Гъэсашэм и лэжьыгъэм щыгъуазэхэм фIыуэ ящIэ ар оперэми, опереттэми, эстрадэми, цIыхубэ уэрэдми гъуэзэджэу зэрыпэлъэщыр. Абы и зэфIэкIым пщIэ зэриIэм щыхьэт тохъуэ уэрэджыIакIуэхэм я зэпеуэхэмрэ фестивалхэмрэ ирегъэкIуэкIыну е къэпщытакIуэ гупым я унафэщIу щыналъэ, дунейпсо зэхыхьэ гуапхэм зэрырагъэблагъэр, уеблэмэ езым и цIэкIи къызэрызэрагъэпэщыр. Апхуэдэхэщ «Молодые голоса Кавказа», «Конкурс военно-патриотической песни», «Звездопад», «Орфей», «Виртуозы XXI века» зэпеуэхэр, нэгъуэщIхэри. Наталье хуэдэхэрщ зи IэщIагъэм Тхьэм къыхуигъэщIауэ, гъуазджэм хуэпэжу къалъытэхэр.

- Натальерэ сэрэ зы зэманым курыт еджапIэм дыздыщIэсащ икIи илъэс щэщI хъуауэ дызэрогъэныбжьэгъу. Консерваторэ нэужьым пIалъэфIкIэ абы утыкур игъэбжьыфIащ. Институтым зэрыщригъаджэм и гугъу пщIымэ, ар зи лэжьыгъэм жэуаплыныгъэ ин пылъу бгъэдыхьэ, абы хуэIэижь икIи хуэпэж IэщIагъэлIщ, - жеIэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Даур Иринэ. – Натальерэ сэрэ Франджым, Германием, нэгъуэщI къэралхэм дыздэщыIэну къызэрытхуихуар сигу къинэжащ. Ар гъуэгур къыбдэзыгъэпсынщIэ, хьыбар щIэщыгъуэ куэдкIэ къыбдэгуашэ, щIыуэпсыр фIыуэ зылъагъу цIыху гъэщIэгъуэнщ. Зи дахагъэр, щIалэгъуэр мыкIуэщI Наталье узыншагъэ иIэну, фIыуэ щыIэр къехъулIэну сохъуэхъу!

Гъэсашэр и Iыхьлыхэм, благъэхэм, лэжьэгъухэм я дежкIи щапхъэщ гъащIэр фIыуэ зэрилъагъумкIэ, хьэл-щэн дахэ зэрыхэлъымкIэ, и гу къабзагъэмкIэ, сыт щыгъуи гушыIэ дахэрэ гукъыдэжрэ зэрыдалъагъумкIэ. Наталье и ныбжьэгъу, лэжьэгъу куэдым къыхагъэщ ар зыпэрыхьэ дэтхэнэ Iуэхугъуэри къызыхуэтыншэу зэрызэфIихыр, хьэщIэ фIыуэ зылъагъу унэгуащэ гуапэу зэрыщытыр.

КъБР-м и музыкэ гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ Гъэсашэ Наталье хуищIа хэлъхьэныгъэхэр къалъытащ. Абы мызэмытIэу къыхуагъэфэщащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я щIыхь тхылъхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и медалыр, Дунейпсо Арткомитетым и «Человек-легенда» щIыхьыцIэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

И IэщIагъэм псэ тыншыгъуэ кърет

«Адыгэ псалъэ» газетыр сыт щыгъуи бейщ лэжьакIуэфIхэмкIэ, зи IэщIагъэмрэ зэфIэкIымкIэ лъэпкъым и пщIэр зыIэтхэмкIэ. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ къыщалъхуа махуэр дгъэлъапIэ Щоджэн Иннэ.

ШЭДЖЭМ куейм хыхьэ Шэджэм Езанэ (Къундетей) къуажэм ар къыщалъхуащ. Жылэм дэт курыт еджапIэр щытхъу иIэу 1982 гъэм къиухри, а илъэс дыдэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетым щIэтIысхьащ. Абыи и цIэ фIыкIэ къыщраIуэу щеджащ Иннэ икIи 1986 гъэм къиухащ, филологым къыдэкIуэу, журналист IэщIагъэри щызригъэгъуэтауэ.

Зи анэдэлъхубзэр фIы дыдэу зыщIэ, тхэным хъарзынэу хэзагъэ хъыджэбзыр 1986 гъэм «Ленин гъуэгум» корректорым и дэIэпыкъуэгъуу къащтащ. Набдзэгубдзаплъэу зэрыщытым, газетыр щыуагъэншэу къыдэкIыным зэрелIалIэм унафэщIхэм гу лъатэри, илъэс зыбжанэкIэ фIэкIа мылэжьауэ, Щоджэныр жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ корректор IэнатIэм ягъэкIуащ. Абы лъандэри и къалэнхэр хьэлэлу егъэзащIэ. Анэдэлъхубзэм и мызакъуэу журналистикэми литературэ лэжьыгъэми зэрыхуеджар, абыхэмкIи щIэныгъэфI зэрыбгъэдэлъыр редакторатми мызэ-мытIэу къыдогъэсэбэп - зэгъэзэхуэжын хуей тхыгъэхэм хыдогъэлэжьыхь, ар зи пщэрылъхэр щхьэусыгъуэ гуэркIэ лэжьапIэм къыдэмыкIамэ. Иннэ апхуэдэу «зытеIэзэщIыхьыжа» газет напэкIуэцIым укъеджэну куэдкIэ нэхъ тыншщ. Ар журналистикэми хъарзынэу зэрыхэзагъэр нэрылъагъу тщищIакIэщ. Иннэ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ 2013 гъэ лъандэрэ икIи и IэдакъэщIэкI тхыгъэхэр зытеухуахэми газетеджэхэми гунэс ящохъу.

Илъэс куэд хъуауэ Щоджэным лэжьыгъитI зэдехь - ар Шэджэм щIыналъэм и администрацэм къыдигъэкI «Голос Чегема» газетым 1996 гъэ лъандэрэ щыIэщ. Корректору къыщIидзауэ, жэуап зыхь секретаруи, газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэуи мэлажьэри, абыи къалэнышхуэ и пщэ щыдэлъщ. Газетыр компьютеркIэ къыдэгъэкIыным епха сыт хуэдэ лэжьыгъэми хуэIэзэ хъуауэ, фIыщIэ къыхуащIу мэлажьэ.

Хьэлэлу зэрылажьэм къыпэкIуэу Щоджэныр мызэ-мытIэу ягъэлъэпIащ - абы тIэунейрэ къыхуагъэфэщащ Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм и администрацэм и ЩIыхь тхылъыр, КъБР-м Печатымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэмкIэ и министерствэм, КъБР-м ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ и къэрал комитетым я щIыхь тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

И адэ-анэ Щоджэнхэ Аслъэнбийрэ Нинэрэ я унагъуэм щызыхилъхьа гъэсэныгъэ дахэр игъэпэжу, цIыхухэм пщIэ къыхуащIу, екIуу дунейм тетщ Иннэ. Ар щапхъэ зыхуэхъур и лэжьэгъу нэхъыщIэхэм я закъуэкъым. Къыдэплъей ипхъу Къардэн Алинэ хьэл-щэн дахэ зыхэлъ нэрыбгэ хъуащ, зэрыхьа Бэджыдэхэ я унагъуэм исхэм я арэзыныгъэ къелэжьыф, нэхъыжьми нэхъыщIэми задрегъэкIу. Алинэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэщ - егъэджакIуэ IэщIагъэщ къыхихахри, абыи хъарзынэу хэзэгъащ. Ди лэжьэгъум гъащIэр нэхъри IэфI къыщызыщIыр и пхъурылъху цIыкIухэм - адэ-анэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм я гулъытэм щамыгъащIэу, насыпыфIэу къагъэхъу.

Щоджэным и IэнатIэм хуиIэ жэуаплыныгъэм, и гукъыдэжым зы мэскъалкIи кIэрымыхуауэ мэлажьэ икIи газетым псэ тыншыгъуэ щигъуэтущ езыми зэрыжиIэр. «Адыгэ псалъэм» и пщIэр нэхъри лъагэ хъуным зи гуащIэ хэзылъхьэ цIыхубэ зэпIэзэрытым, лэжьэгъу тыншым хуэарэзыщ и лэжьэгъухэри унафэщIхэри. Дохъуэхъу узыншагъэ быдэ, гукъыдэж лъагэ, дэрэжэгъуэ иIэу адэкIи и гъащIэр ирихьэкIыну, и щIэблэм, IэщIагъэм я хъер куэдрэ илъагъуну!

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.

Сом мелуани 6,2-м щIигъу зи уасэ уэздыгъей

Урысей МВД-м и къудамэу Iуащхьэмахуэ районым щыIэм и следственнэ IэнатIэм и кIэм нигъэсащ мэзым жыгхэр хабзэншагъэкIэ куэду щиупщIыкIыным теухуа уголовнэ Iуэхур зэхэгъэкIыныр. А щIэпхъаджагъэр илэжьауэ ягъэкъуаншэ илъэс 39-рэ зи ныбжь, Ислъэмей къуажэм щыщ щIалэ.

IУЭХУР щызэхагъэкIым зэраубзыхуамкIэ, илъэс кIуам и мэлыжьыхьым «Iуащхьэмахуэ лъапэ» лъэпкъ парк» федеральнэ IуэхущIапIэм хэхауэ яхъумэ и щIыналъэм, Терскол посёлкэм хуэзэу, щраупщIыкIащ уэздыгъей 25-рэ. БзаджащIэм ахъшэ иритри здигъэIэпыкъуащ экскаватор зиIэ гуэр. Ягъэкъуаншэр нэгъуэщIым елъэIуащ жыгхэр бензопилакIэ зэпиупщIыну. Игъэлэжьахэм абы яжриIащ мэзыр ирупщIыкIынымкIэ хуит зыщI тхылъхэр иIэу.

Урысей МВД-м Iуащхьэмахуэ районым щиIэ къудамэм и участковэ уполномоченнэхэм я нэIэ зытет щIыпIэр къыщызэхакIухьым къалъэгъуащ уэздыгъей ираупщIыкIахэм щащ. Ар зыщIэнкIэ хъунур зэхагъэкIри яубыдащ. ЦIыхухъум жиIащ ар и щхьэ IуэхукIэ къигъэсэбэпыну зэригугъар. Абы илэжьа хабзэншагъэмкIэ къэралым иритащ сом мелуани 6,2-м щIигъу хэщIыныгъэ.

УФ-м и УК-м и 260-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ къаIэта уголовнэ Iуэхур и кIэм нагъэсри Iуащхьэмахуэ район судым Iэрагъэхьащ. ЦIыхухъур судым и унафэм поплъэ, зэкIэ ар хуиткъым зыщыпсэу щIыпIэр ибгынэну.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Алан аргуэру япэ ирагъэщ

2024 гъэм икIэхэм, хабзэ зэрыхъуауэ, «Советская молодежь» газетым щIэупщIэныгъэхэр иригъэкIуэкIащ илъэс блэкIам «Спартак-Налшыкым» и топджэгу нэхъыфIыр зэхэгъэкIыным, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ. Илъэс щэщI хъуащ а хабзэр къызэрежьэрэ. Мыгъэрей зэпэлъытынгъэм хэтащ республикэм спортым щытетхыхь журналистхэм ящыщу цIыхуибгъу.

ЯПЭРАУЭ, къыхэдгъэщынщи, илъэс блэкIам ди командэр зыхэта чемпионатым (и лъэщагъкIэ – УФ-м футболымкIэ и етхуанэ дивизион), ди жагъуэ зэрыхъущи, и Iуэхур щыщIэгъуакъым. «Спартак-Налшыкым» 13-нэ увыпIэр къыщыхуэхьауэ аращ икIи нэхъапэкIэ абы и лъабжьэкIэ турнир таблицэм налшыкдэсхэр зэи къыщыхутакъым.

ЩIэупщIэныгъэхэмкIэ къэдгъэзэжынщи, спортым теттхыхь журналистхэм япэщIыкIэ къапэщылъащ ди командэм щыщу топджэгу нэхъыфIитхур хэт сымэми зэхагъэкIыну. Мыбдежым япэ увыпIэр зратым баллитху къихьынут, етIуанэ хъуам – баллиплI, ещанэ, еплIанэ, етхуанэхэм - бжыгъэр адэкIэ хэщIыурэ къызэрыкIуэм хуэдэу. Абы нэмыщI, журналистхэм къагъэнэIуащ «Спартак»-м нэхъыфI дыдэу къехъулIа и зэIущIэмрэ нэхъыкIэмрэ. Апхуэдэуи къыжаIащ налшыкдэсхэм ящыщу чемпионат блэкIам топ нэхъ дахэ щыдзэзыгъэкIамрэ мы гъэм командэм къыхыхьа топджэгу нэхъыщIэхэм ящыщу нэхъыфIу къалъытамрэ.

ЩIэупщIэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, илъэс еплIанэ хъуауэ зэкIэлъыпыту командэм и капитан Хьэшыр Алан топджэгу нэхъыфIу журналистхэм къалъытащ. Ауэ нэгъабэ етIуанэ увыпIэр къэзыхьауэ щытам балл 22-кIэ ар щхьэщыкIауэ щытамэ, мы гъэм Алан и хьэрхуэрэгъум зэрефIэкIар баллий 5 къудейкIэщ. Абы щыгъуэ щIэупщIэныгъэм хэта журналистхэм псоми япэ увыпIэр Хьэшырым иратат. Мы гъэм цIыхуибгъум ящыщу ар япэ изыгъэщар тхурщ, зым етIуанэу, тIум – ещанэу, зым – еплIанэу ягъэуващ. Апхуэдэ щIыкIэкIи, псори зэхэту къыхуэхьыну щыта балл 45-м щыщу 37-р Хьэшыр Алан лъагъэсащ.

Гъэ блэкIам «Спартак-Налшыкым» и капитаным ныкъуэкъуэгъу хъарзынэ къыхуэхъуащ щIэупщIэныгъэм етIуанэ увыпIэр къыщызыхьа гъуащхьэхъумэ КIэдыкIуей Хьэчим. Абы иратащ балл 32-рэ. ЩIалэр журналистищым япэ увыпIэм игъэуващ, «Адыгэ псалъэм» и корреспондентыр яхэту, етIуанэр тIум, ещанэр – тIум, еплIанэмрэ етхуанэмрэ – зырызым хуагъэфэщащ. Къыхэдгъэщынщи, нэгъабэ екIуэкIа мыпхуэдэ щIэупщIэныгъэхэм япэ увыпIитхур зыхуагъэфэщахэм Хьэчим яхэхуауэ щытакъым. Псори зэхэту баллищ къыхуэхьауэ арат абы щыгъуэ. Нэрылъагъущ щIалэм и зэфIэкIым зэрыхигъахъуэ зэпытыр, адэкIи иригъэфIэкIуэну ди гуапэщ.

Илъэс етIуанэ хъуауэ ещанэ увыпIэр журналистхэм ират гъуащхьауэ ЛIуп Ислъам. Мы гъэм КIэдыкIуейм ар баллитIкIэ къыкIэрыхуащ. Футболеплъхэм я гур игъэзагъэу мы гъэм хъарзынэу джэгуа ЛIупым балл 30 иратащ. Нэгъабэ абы иIар балл 16-щ.

Иджырей щIэупщIэныгъэм хэтахэм ящыщу тхум ар етIуанэ увыпIэм игъэуващ, ещанэм, еплIанэм, етхуанэм щхьэкIэ щым балл зырыз Ислъам хуагъэфэщащ.

Гъуащхьэтет Къумыкъу Аслъэнбэч балли 10 иIэу еплIанэ увыпIэр щIэупщIэныгъэхэм щиубыдащ. Нэгъабэ абы иратар балли 7-т зэрыхъуар. Етхуанэу ягъэуващ ХьэцIыкIу Амур. Топджэгу ныбжьыщIэм балли 9 къихьащ, нэгъабэ екIуэкIа щIэупщIэныгъэм абы и цIэр къыщыхэщакъым. Далиев Дауд балли 6, абы и къуэш Денирэ Селяев Амырхъанрэ балли 5, Блий Елдар - зы балл, къахьащ.

ТопджэгущIэу командэм нэгъабэ къыхыхьахэм ящыщу нэхъыфIу журналистхэм къалъытащ Далиев Дени. А щIалэр командэм гъусэ къыщыхуэхъуар чемпионатым щIидзауэщ икIи зэман кIэщIым къриубыдэу хузэфIэкIащ и джэгукIэ дахэмкIэ футболеплъхэр къыдихьэхын, тренерхэми дзыхь нэхъ къыхуащIын. Мыбдежым «Адыгэ псалъэм» и журналистым топджэгущIэ нэхъыфIу къигъэлъэгъуар Шэрджэс Iэдэмщ.

БлэкIа чемпионатым «Спартак-Налшыкым» иригъэкIуэкIа зэIущIэхэм ящыщу псом нэхърэ нэхъ къехъулIауэ журналистхэм къалъытар хьэщIапIэ щыIэу «Астрахань»-м дригъэкIуэкIарщ. Ди щIалэхэм ар къахьауэ щытащ бжыгъэр 4:1-уэ. Журналистибгъум ящыщу плIым а зэIущIэр япэ ирагъэщащ. Щым нэхъыфIу къалъытащ ди командэм «Ялта»-м дригъэкIуэкIа зэIущIэр, тIум – ди унэ дыщыIэу «Строитель»-м 3:0-у дыщытекIуауэ щыта зэхьэзэхуэр. «Адыгэ псалъэм» и корреспондентыр иужьрейм и телъхьэ хъуащ.

Псом нэхърэ нэхъ къыдэмыхъулIауэ журналистхэм къалъытар ди губгъуэм диту Черкесск и «Нарт»-м нэгъабэ дедгъэкIуэкIа зэIущIэрщ. Абы щыгъуэ ар 2:5-уэ къыттекIуауэ щытащ ди деж дыщыIэу. Ди газетым и корреспондентыр яхэту журналистиплIым нэхъыкIэхэм ящыщу ар къагъэлъэгъуащ. Ди унэ дыщыIэу «Форте» командэр 0:3-у къызэрыттекIуари иужьым ягъэуващ цIыхуиплIым. «Строитель»-р ди деж щыIэу апхуэдэ бжыгъэ дыдэкIэ къызэрыттекIуар командэм нэхъ къемыхъулIа зэIущIэхэм яхигъэхьащ зы журналистым.

Чемпионат блэкIам ди щIалэхэм ящыщу топ нэхъ дахэ дыдэ дэзыгъэкIауэ щIэупщIэныгъэхэм хэтахэм къалъытар гъэмахуэ кIуам командэм хэкIыжа Березов Давид и топырщ. Лъэтауэ кIуэ топым лъакъуэ сэмэгумкIэ лъэщу еуэри, Ставрополь и «Динамо» и гъуэр дахэкIейуэ къищтауэ щытащ а щIалэм, зэIущIэм и япэ Iыхьэм хухаха зэманыр икIарэ, дакъикъэ зыбжанэ къыдыщIагъужари и кIэм нэблэгъэпауэ.

ЩIэупщIэныгъэхэм хэта журналистибгъум ящыщу а топым щхьэкIэ тхум Iэ яIэтащ. «Адыгэ псалъэм» и журналистым мыбдежым япэ иригъэщащ ди унэ дыщыджэгужу ХьэцIыкIу Амур «Строитель»-м худигъэкIа топыр. Ар и дахагъкIи, зэригъэзэщIа щIыкIэкIи Березовым ейм зыкIи къыкIэрыхуакъым, ауэ, зэрыжаIэу, щхьэж езыр зэреплъыжщ!

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЩIэблэм я щапхъэщ икIи я гъуазэщ

Бахъсэн къалэм и администрацэм и унафэщI Мамхэгъ Хьэчим иджыблагъэ яIущIащ щIыпIэ спорткомитетым и унафэщI Къаскъул Аслъэн, Щауэ Iэхьед и цIэр зезыхьэ спорт еджапIэм и директор Къарэмышэ СулътIан, тренер Жамырзэ Беслъэн, спортсмен цIэрыIуэхэу Багъ Алийрэ Мэш Ислъамрэ.



БАГЪЫМРЭ Мэшымрэ зэIущIэм щытепсэлъыхьащ къапэщылъ зэIущIэхэм зэрызыхуагъэхьэзыр щIыкIэмрэ дызыхыхьа илъэсым зэхуагъэувыжа къалэнхэмрэ. Абыхэм я псалъэм пэджэжу Жамырзэ Беслъэн къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ зэзауэ зыхэт спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ (ММА) зыкъэзыгъэлъагъуэ спортсменхэм я Iуэхур нобэкIэ зыIутым, ахэр адэкIэ кIуэта зэрыхъуным.

ММА-м хэт спортсменхэм иужьрей илъэсхэм зыщагъэхьэзырар Щауэм и цIэр зезыхьэ спорт еджапIэрщ. Иджы абыхэм пэш щхьэхуэ хухахащ икIи зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр иджыпсту щрагъэкIуэкI. ИужькIэ зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ пэшыр «яхуэпэнущ». Абы къыдэкIуэу, тренерхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я бжыгъэми хагъэхъуэнущ.

«Зэзауэ зыхэт спорт лIэужьыгъуэхэм иджыпсту щIэупщIэшхуэ дуней псом щаIэщ. Абы хэт спортсменхэр щагъэхьэзыру къэралым щыIэ и центрхэм яхэтщ Бахъсэн къалэр. ИкIи тлъэкI къэдгъэнэркъым апхуэдэ пщIэр нэхъ лъагэу тIэтын папщIэ. Мырзэкъан Азэмэт, Багъ Алий, Бырхьэм Мухьэмэд, КIуэкIуэ Мухьэмэд, Мэш Ислъам, Гугухэ Ислъамрэ Муратрэ, Хъыжьрокъуэ Валерэ, Балъкъыз Ахьмэд, Хъуэтхэ Резуанрэ Залымрэ, Щоджэн Артур сымэ, нэгъуэщIхэри къыдэкIуэтей ди щIэблэм я щапхъэщ икIи я гъуазэщ», - жиIащ Мамхэгъ Хьэчим.

ТАМОКЪУЭ Алыдж.

Дзюдо

Налшык щызэхуос

Налшык къалэм дэт «Гладиатор» спорт комплексым щекIуэкIащ дзюдомкIэ егъэджэныгъэ-зыгъэсэныгъэ зэхуэс. Абы кърагъэблэгъащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 25-м, Къэзахъстаным я бэнакIуэу псори зэхэту цIыху 700, 2008 - 2013 гъэм къалъхуахэмрэ нэхъыжьхэмрэ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ икIи я зэфIэкIхэмкIэ ныбжьыщIэхэм ядэгуэшащ Урысей Федерацэм дзюдомкIэ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ, Олимп джэгухэм ещанэ увыпIэр къыщызыхьа Тау Хьэсэнбий, Олимп джэгухэм я чемпион Мудрэн Беслъэн, Европэм тIэунейрэ щытекIуа, дунейпсо чемпионатым саугъэт къыщызыхьа Игольников Михаил, УФ-м и чемпион Блий Iэюб сымэ, нэгъуэщI спортсмен цIэрыIуэхэри.

Зэхуэсым кърихьэлIахэм Iэмал яIащ зы махуэм къриубыдэу зэIущIи 6 - 8 ирагъэкIуэкIыну, я Iэзагъым хагъэхъуэну, щIэ куэд къащIэну.

Егъэджэныгъэ-зыгъэсэныгъэ зэхуэсыр къызэрагъэпэщащ КъБР-м СпортымкIэ и министерствэмрэ дзюдом щыхуагъасэу Налшык къалэм дэт, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ныр Сеф и цIэр зезыхьэ спорт еджапIэмрэ.

ТАМ Заур.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаинэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкiэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.359
Заказыр № 56

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарь **ДыщэкI Соня**, корректорхэу **ПхытIыкI Маруся** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Загирэ** *(2, 3-нэ нап.)*

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.